ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№80 (22.738) • 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 26 , щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэрал гулъытэ хуащI

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ хэтащ «Гладиатор» республикэ спорт уардэунэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсым. Ар теухуауэ щытащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ ныбжьыщIэхэмрэ сабийхэмрэ папщIэ спорт школ хэха къызэIухыным.

ГУФIЭГЪУЭМ кърихьэлIащ КъБР-м спортымкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн,** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий,** ди лъахэгъэу олимпи чемпионхэу **Къардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч** сымэ, республикэм и къалэхэм, куейхэм щыIэ спорт Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр, сабийхэр, адэ-анэхэр.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ **КIуэкIуэ Юрий.** Абы жиIащ къытщIэхъуэ щIэблэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным къэралым, республикэм гулъытэ хэха зэрыхуащIы, абы ехьэлIа программэ щхьэхуэхэр зэрылажьэр.

- Сочэ къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм я илъэсым ди республикэм и сабийхэм папщIэ мыпхуэдэ Iуэхущ1апIэ къызэрызэIутхыр хуабжьу си гуапэщ. А дунейпсо джэгухэм ди къэралым бжьыпэр зэрыщIубыдам хуэдэу, мы спорт школыщIэм и гъэсэнхэри фи Iуэхущ1афэхэмкIэ, спортым щызыIэрывгъэхьэ екъуIэныгъэхэмкIэ дапщэщи пэрыту фыщытыну сыныводхъуэхъу, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. Фи узыншагъэм кIитIэсхэм гъунапкъэ гуэрым фрагъэувэми, текIуэныгъэм фызэрызуэпабгъэ къарумрэ ерыщагъэмкIэ гъунапкъэ жыхуаIэр зэи зыхэвмыщIэну, спортым и мызакъуэу, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми гушхуауэ фыхэтыну си гуапэщ. Абы папщIэ республикэм и унафэщIхэм тлъэкI къэдгъэнэнкъым.

Адэкlэ ныбжьыщIэхэмрэ сабийхэмрэ гуапэу екъуэхъуащ АфIэунэ Аслъэн, спортсмен цIэрыIуэ Хъущт Аслъэнбэч, нэгъуэщIхэри. Зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм папщIэ спорт школ хэха къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIу зэхуэсым къыщыпсэлъащ адэ-анэхэр. Абыхэм жаIащ апхуэдэ къэрал гулъытэр школым и гъэсэн дэтхэнэм и дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэру зэрыщытыр.

ГуфIэгъуэм пащащ къалащхьэм и сабий гуп зэмылIэужьыгъуэхэм. Адыгэ макъамэ екIуэм щIэту утыкум къыщыфащ гимнасткэ ныбжьыщIэхэр. ИрихьэлIа я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуащ тхэкIвандомкIэ гупжьейхэм я гъэсэнхэм, шабзауэ Iэзэхэм, нэгъуэщI спортсмен ныбжьыщIэхэмри. Апхуэдэу сабийхэм уэрэдхэр жаIащ, спортым, хэкум теухуа усэхэм къеджащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр хьэрымыгъэ хэмылъу икIи зэIухауэ

КIуэкIуэ Юрий хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм я видеоконференцым

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр жиIащ мы псалъэмкIэр Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэм зэрытеухуар. Абыхэм щIадзакIэщ, языныкъуэхэм ахэр нэхъ пасэу къыIах, ауэ школакIуэ псоми экзаменхэр щатыну зэманыр иджыри къэсакъым.

2013 гъэм экзаменхэр къеIыхьным хэлъа мыхъумыщIагъэхэм къыхэкIыу языныкъуэ министрхэр я къулыкъухэм трагъэкIащ, хабзэншагъэ зылIжьа унафэщI, Iэщ1агъэлI щхьэхуэхэр уголовнэ жэуапым ирашэлIащ. Мы гъэми апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, Хлопонин Александр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр къыхуриджащ экзаменхэм зэрызыхуагъэхьэзырымрэ ахэр къызэрыIахымрэ езыхэм я нэIэм щIагъэтыну.

Блэкlа илъэсхэм щыIа ныкъуасанагъэхэр къиIытэри, Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм кIэлъыплъыныжьмкIэ федеральнэ агентствэм Iуэху зыбжанэ зэфIигъэкIащ. Псалъэм папщIэ, экзаменхэр щат щыIпIэхэм видеокамерэхэр щагъэуващ (федеральнэ бюджетым и ахъщэкIэ), хабзэншагъэхэр къызэпаудыныжьмкIэ сэбэп хъуну нэгъуэщI Iэмэпсымэ щхьэхуэхэр лажьэу яутIыпщащ. Iуэхум жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэри къыхашэну я мурадщ. Ауэ, Хлопонин Александр зэрыжиIамкIэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIми, сабийхэр зэрамыгъэпIейтеиным, зэрамыгъэгужьеиным егугъун хуейщ.

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм кIэлъыплъыныжьмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Кравцов Сергей къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхуакIащ а Iэнатlэм и лжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрийрэ тэмэму зэпыщIауэ зэрыщытыр. «ЩIыналъэхэм я унафэщIхэр жыджэру Iуэхум къыщыхъыхьэм деж экзаменхэр хьэрымыгъэ хэмылъу, зэрыхьэрий къэмыхъуу ирагъэкIуэкI», - жиIащ Кравцовым.

ЗэIущIэм щыжаIащ цIыхухэр пIащIэгъуэкIэ здэпсалъэ хъуну телефонхэм я лэжьэкIэр къэпщытэн зэрыхуейр, абы къыдэкIуэу, мыхъумыщIагъэ щхьэхуэхэр Iуэхум къыщыхъыхьэм деж экзаменхэр хьэрымыгъэ хэмылъу, зэрыхьэрий къэмыхъуу ирагъэкIуэкI», - жиIащ Кравцовым.

ЗэIущIэм щыжаIащ цIыхухэр пIащIэгъуэкIэ здэпсалъэ хъуну телефонхэм я лэжьэкIэр къэпщытэн зэрыхуейр, абы къыдэкIуэу, мыхъумыщIагъэ щхьэхуэхэр Iуэхум къыхэмыкIын папщIэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыIах щIыкIэм теуха пресс-конференцхэр егъэджэныгъэмкIэ министерствэхэм я унафэщIхэм къызэрагъэпэщыну къазэрытехуэр. Апхуэдэу экзаменхэр щрагъэтынур къэмыс щIыкIэ МВД-м, Ростелекомым, связь хэхам я лIыкIуэхэм я зэIущIэхэр зэхьихьэнуц, анхуэдэу экзаменхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэм я унафэщIхэр, экзаменхэр езыгъэкIуэкIынухэмрэ экспертхэмрэ зэхуэзэнуц.

Видеоконференцым щIэсащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор Калунников Владимир, КъБР-м щыIэ хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэс

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбарей-Балъкъэр къэрал университетым мэлыжьыхьым и 25-м къыщызэIуахащ «Адыгэхэр: тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» фIэщыгъэр зиIэ дунейпсо щIэныгъэ конференц. Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща а щIэныгъэ зэхуэхьэ иным къарагъэблагъащ республикэм и унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм епха къэхутэныгъэхэр зэдгъэзыха щIэныгъэлIхэр, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ Iэщ1агъэлIхэр.

ХьэщIэ лъапIэхэм яхэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Юрий,** Сарбон университетым и ректор **Дюмон Жерар Франсуа,** Абу Даби и университет Нью-Йорк дэтым и профессор **Дерлугьян Георгий,** Гамбург этнографие музеим и унафэщI **Кепке Вульф,** Сирием, Иорданием, США-м щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэм я лIыкIуэхэу **Абазэ Шэрэф, Нэгуэр Зуар, Шыкъ Мухьэмэд** (Майк Чек), Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий,** нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу зэхуэсым хэтащ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым я IэщIагъэлIхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр.

ЩIэныгъэ конференцыр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий.** Къызэхуэсахэм конференцым и хьэщIэхэр яригъэщIыхуа нэуэк, абы псалъэ япэу иритащ республикэм и унафэщI КIуэкIуэ Юрий. Зэхуэсым кърихьэлIа псоми фIэхъус сэлам гуапэ ярихащ КIуэкIуэм икIи лэжьыгъэ купщIафIэкIэ екъуэхъуащ. Абы жиIащ мыпхуэдэ зэхуэсхэр адыгэ тхыдэр нэхъыкфIыжу джа хъунымкIэ сэбэныщхуэу зэрыщытыр.

- Адыгэ лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь икIи купщIафIэ къикIуащ. Абы иригъэжьыныр, нэхъыфIу джыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Дыдэрыщыгъуэзэщи, щыIэщ ди тхыдэм хэт къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэлыгтэнымкIэ Iуэху еплыкIэ зэхуэмыдэхэр зиIэхэр. Нобэрей конференцым къекIуэлIа щIэныгъэлIхэм, си фIэщ мэхъу, зытепсэлъыхьынырэ лъэпкъым ифI, и зыужьыныгъэрэ екъулIэныгъэрэ къызэрыкI Iуэхугъуэхэрэ. Зыми жиIэркъым тхыдэр кIэхътхыкIыжын хуейуэ, арщхькIэ ар джын хуейщ зы унэтIыныгъэм тету, къэралым, ди щIыналъэм и тхыдэр зэрызэхэлъ Iыхьэхэм ящыщу зыри Iэщ1кIэ мыщIауэ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. - Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъу махуэр къэсым куэд и Iэжьым. Щэч хэмылъу, а зауэр адыгэхэм я тхыдэм и напэкIуэщI фIыщIэхэм ящыщу. Абы ди лъэпкъым бэлыхьрэ хьэзабу къытрилъхьами куэд щыгъуазэщ. Апхуэдэ гузэвэгъуэ зыллъэмыIэса лъэпкъ гуэри щыIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ щыхъукIи, а Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр ухуеплъэкIыж зэпыту упсэу хъунукъым. Адыгэхэр хущIэжъуркъым я блэкIа тхыдэр къагъэсэбэпрэ я Iуэху дагъэкIыну. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Сочэ щекIуэкIа Олимп Джэгухэм щытепсэлъыхьым, жиIауэ щытащ дунейпсо спорт зэхьихьэхуэр щекIуэкI щIыналъэм ипэкIэ щыпсэуа, щыпсэу адыгэхэм щIэрэ щIыхьэ зэраIэр, ахэр зызыужь,efIакIуэ, зыуэзэщIыныгъэм и гъуэгум тет лъэпкъ Iущу зэрыщытыр.

И къэпсэлъэныгъэм и кIэуэкIуэ Юрий иджыри зэ екъуэхъуащ адыгэ Iуэхум теухуа щIэныгъэ конференцым къекIуэлIахэм лэжьыгъэфI кърахьэлIэну икIи къыхихэщащ лъэпкъ зыужьэщIыныгъэм хуэгъэпса апхуэдэ зэхуэсхэр иджырей зэманым мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

Аджкlэ псалъэ иратащ Иорданием щыIэ Хасэм и лIыкIуэ Нэгуэр Зуар. Абы фIыщIэ ин яхуищIащ апхуэдэ дунейпсо зэIущIэ къызэзыгъэпэщахэм.

- ЩIэныгъэ конференцым кърихьэлIа псоми сэлам гуапэ фызохьж Иорданием щыпсэу адыгэхэм, абы щылажьэ ди лъэпкъ хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир къабгъэдэкIыу. Апхуэдэу фIыщIэ ин хуэдощI УФ-м и Президент Путин Владимир, адыгэу щIы хъурейм щикъухьа псоми гулъытэ зэрахуищIым, набдзэгубдзапльэу зэрахущытым папщIэ, - жиIащ абы. - Щэч къытесхьэркъым ди зэхуэсыр адыгэ тхыдэр джыныр адэкIи езыгъэфIэкIуэну, абы къаруущIэ къыхэзыльхьэну зэрыщытым.

Сирием щылажьэ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я пашэ, а къэралым и лIыкIуэу ЗакIуэхазым щыIэ Абазэ Шэрэф къыщыпсалъэм жиIащ абы щыпсэу адыгэхэм я щхьэр хэкурысхэм яIэ пщIэм лъагэу зэраригъэлъагъужыр. Апхуэдэу абы фIыщIэ хуищIащ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм ящыщ куэдым Iэщ1агъэрэ щIэныгъэрэ хэкужьым зэрыщрагъэгъуэтым папщIэ. Абазэм зэрыжиIамкIэ, иджыпсту Сирием щолажьэ апхуэдэ Iэщ1агъэлIу 360-м щIигъу. Мы зэманым университетым щоджэ Сирием щыщ студент 50-м нэс.

Зэхуэсым къекIуэлIахэм апхуэдэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Шыкъ Мухьэмэд, Кепке Вульф сымэ, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэу Iэтауэ къызэIуаха нэужь, конференцым и лэжьыгъэм щыпащащ гуп щхьэхуэхэм. МахуитIкIэ екIуэжыну щIэнгъэ зэхуэсым щыжаIэнумрэ къыщащтэну унафэхэмрэ лъэпкъыпсо мыхьэнэ зэраIэнум щэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къарур къыщежьэр цIыхубэм я дежщ

«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и жылагъуэ Iуэхущ1апIэу цIыхухэм щыIущIэм республикэм щыпсэухэм ящыщу къекIуалIэхэм я бжьыгъэ кIэрыхуркъым. Партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь Бозий Натбий зэрыжиIамкIэ, дызэрыт илъэсым кърибыдэу абы щыхэлъащ цIыхуи 100-м щIигъум зэрызыкъыхуагъэзахэм.

Нэхъ япэкIэ къащта графикым тету, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм цIыхухэр щахуоэ КъБР-м и Парламентым щыIэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм хэтхэр, къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр, партым и пэщIэдзэ зэгухьэныгъэхэм я секретарэхэр. Апхуэдэ зэIущIэхэр нужьрей зэманым Прохладнэ къалэм, Тэрч, Аруан районхэм щекIуэкIа.

Бозий Натбий зэрыжиIамкIэ, цIыхухэм нэхъыбэу кьалэт Iуэхугъэм ящыщщ сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр, зауэ лъэхъэнэм тылым щылажьэхэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэныр, ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэныр, абыхэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэныр, ныкъуэдыкъуагъэ яIэу къалъытэн папщIэ зыхуеину тхыдэхэр щагъэхъэзырыкIэ ядэIэпыкъуныр, мэкъумэш щIапIэу щыт щIы Iыхьэхэр бэджэнду зэрат щIыкIэр гъэтэмэныныр.

- Зи щхьэ Iуэхукlэ къыдбгъэдыхьэ псоми къагъэувхэр нэсу зэрызэпкърытхыным икIи абыхэм жэуап нэгъэса зэреттыным дыхущIокъу. Гъэзэщ1акIуэ властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм ящыщу зыхуэфащэхэм пщэрылъ ящыдощI хуэныкъуэхэм дэIэпыкъуныгъэ иратыну. Мы лэжьыгъэм дэ нэрылъагъу къыщIецIу зи щхьэ Iуэхукlэ къекIуалIэ цIыхухэм яIущIэныр икъуэкIу Iуэхущхьэу зэрыщытыр, - къыхигъэщхьэхукIащ Бозий Натбий.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ

ЗэIущIэм щыщIидзэнэр сыхьэт 14-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Гъунапкъэхэр ягъэув

Дыгъуасэ къыщыщIэдзауэ Украинэмрэ Къырымымрэ я зэхуакум къэрал гъунапкъэ щагъэуващ.

«Мэлыжьыхьым и 25-м ягъэнэIуащ къэрал гъунапкъэр зыхуэзэну щIыпIэхэр. Зэман гъунэгъум дубзыхунущ щIыналъэм укъыщыхьэхIэ, гущIикIэ дэфтэрхэр къыщащIытэну щIыпIэхэр, гъунапкъэр зэрызэпыбупщIыну хабзэр, абы пыщIа нэгъуэщI Iуэхугъэр», - жиIащ IэпхъэщIапхъуэ IуэхугъэмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэу УФ-м Кърым Республикэм щиIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ярош Пётр.

Гъунапкъэхъумэхэр иджыпсту щытыкIэм щыкIэлъоплъ абы къыхуэзгъэпэщащ щIыпIэ 27-м, ауэ постхэм я бжьыгъэ иужькIэ нэхъыбэ зэрыхъунури къыщыхагъэщ къэрал Iуэхущ1апIэм.

Фадафэм и зэранкIэ

Австралием и Брисбен къалэм илъэтыкIыу Индонезием и Бали хытIыгумкIэ зыунэтIа Боинг 737 къхъухьлъатэр ярыбыдыну хэта хуэдэу дыгъуасэ хъыбар къаташ.

ИужькIэ наIуэ къызэрыхъужамкIэ, фадэм зи щхьэр «ирихужьа» гуэр къхъухьлъатэхуэхэр зэрыс кабинэм яфIихьэну мурад ищIауэ арат.

Кхъухьлъатэр хытIыгум и Денпасар къалэм къыщетIысэхын хуей хъуащ, фадэкIэ езыгъэлеяр хабзэхъумэхэм яубыдащ. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, кхъухьлъатэм исахэм ящыщу зыми лей къытехьакъым, къаугъэшым и зэранкIэ тIэкIу пIейтеи нэхъ лажьэ ямыIэуи здэкIуэнум нэсахэщ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 26, *щэбэт*

♦**Интеллектуальнэ мылъкуи и дунейпсо махуэщ**

♦Радиацэм и зэранкIэ дунейм ехьжахэм я фэеплъ махуэщ.

♦1834 гъэм пащтыхь Николай Езанэм и унафэкIэ къэралым и Гидрометеорологие къулыкъуэ къызэрагъэпэщащ щытащ.

♦1952 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу хахащ.

♦1986 гъэм Чернобыль атом электростанцыр къэуащ.

♦1991 гъэм «Лей зытехьа лъэпкъхэр зэрымыкъуэнщар хэIущIыIу щIынымрэ абыхэм зауэжьыныр хузэнэтIа Iуэхугъэр зэфIагъэкIыныжьрэ ятеухуауэ» УФ-м и Законыр къащтащ.

♦Адыгэ Республикэм и политикэ лэжьакIуэ, театроведж, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 6 - 8 щыхьынущ.

Мэлыжьыхьым и 27, *тхьэмахуэ*

♦**Къуэщ зэрыщIа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей парламентаризмэм и махуэщ**

♦**Саха (Якутие) Республикэм и махуэщ**

♦Ахалтекин шы лъэпкъым и махуэр Тыркумэным щагъэлъапIэ.

♦IОАР-м Хуитыныгъэм и махуэр щагъэлъапIэ.

♦1974 гъэм Байкал-Амур гъущI гъэгур (БАМ-р) ухуэн щIадзащ.

♦УФ-ми КъБР-ми щыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Басир** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс политик, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Къэзанокъуэ Руслан** и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 5 - 7 щыхьынущ.

Мэлыжьыхьым и 28, *бгыщхэ*

♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**

♦**Пэжьыгъэр хъумэнымрэ Iэнатlэм шынагъуэншагъэ къыщыхэзгъэпэщынымрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**Химие шынагъуэншагъэм и махуэщ**

♦Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъху-тхъурылъхуу 3 зыгъэкIуа щапсыгъ анэ **Щхьэлахъуэ Чэбэхан** къызэралъхурэ ильэси 140-рэ ирокъу. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжа имылъагъуу ар дунейм ехьжащ.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Дыщэкl Мухьэмэд** къызэралъхурэ ильэси 112-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс журналисткэ **КIуэтэ Динэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 16, жэщым градуси 8 - 12 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уэсэпс хуабэ мэшгъэкIщ.

Адыгэ ныпыр лъэпкъым зэдеIэт

• Махуэшхуэ

2010 гъэ лъандэрэ дунейм адыгэу тетым мэлыжьыхьым и 25-м адыгэ ныпым и махуэр ягъэлъапIэ. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым, зы илъэсым нэхърэ адрейм абы къызэщIигъэтаджэ щIалэгъуалэр нэхъыбэ зэрыхъур. Дыгъуасэ арат, ныпэ уардэр лъагэу зыIыгъ ныбжьыщIэхэм республикэм и куейхэм машинэ къызэдэжэ щратъэкIуэкIа нужь, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 щрикъум и щIыхькIэ щыIэ утыкум адыгэ ныпыр хуарзэу яIыгъыу адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ гуп дахэ щызэрыгъэхъурри, шуейхэр я пашэу, Абхъазым и утыкум нэсыху екIуу ирикIуащ.

Адыгагъэм и дамыгъэ, лъэпкъ напэ ныпым и щIыхькIэ зэхаща пэкIум щызэхуэса щIалэгъуалэм псалъэ гупэкIэ захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий.** Iуэху дахэр къызэзыгъэпэщахэм, лъэпкъым папщIэ лъабакъуэ лей зыч дэтхэнэми фIыщIэ яхуищIа нужь, мы махуэхэм адыгэм екъэлIауэ ди республикэм Iуэху щхьэпэ куэд къызэрыщIэтым къызэхуэсахэр абы щигъэгъуэзащ. Лъэпкъым и тхьэдэр куууэ джыным иджыпсту гулъытэ хэха зэрыхуащIыр, адыгэм и Iуэхур КъБР-м и Iэтащхьэм гулъытэншэу къызэримыгъанэри къыхихъэщащ Сэхъурокъуэм и псалъэхэм.

(КIэухыр 3-нэ нап).

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *тfirихащ.*

«Торпедо» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» - 1:2

• Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуэпшыхь Мэзкуу щекIуэкIа зэIущIэм апхуэдэ бжьыгъэ къырикIуэщ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Панюков Андрейрэ Рухайа Гуджэрэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Бахъсэн къалэ округым щыщ Іыхьэм мардэ хэхахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн къалэ округым хъэщхьэрыІуэ уз зэуэлІа унагъуэ псэущхьэхэр щыІэу къыззрящІагъэщам къыхэкІыу «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствомкІэ и министрым 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м кьыбгъэдэкІа тхыгъэ № МШ-05/1114-м тету, хьэщхьэрыІуэ узыр щымыгъэІэн мурадкІэ:

1. Бахъсэн къалэ округым щыщ Іыхьэу Пушкиным, Хэкум и хъумакІуэхэм я уэрамхэм, Къэрэщеймрэ Шымэзэкъуэмрэ я узрамдыжьэхэм я къэухъым къуриубыдэу махуэ 60 пІалъэкІэ карантин щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщыІэ зэманым къриубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуэ щІыналъэм кърашыну е абы хиубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр щащэну хуит ящІыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм щыгъуэу къыщыхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хуэунэтІа зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэхилъхьэу игъэззэщІэну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ щызэзэщІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м
№33-РГ

Кърымыр школакІуэхэм къаазэрыщыхъур

Кърымыр Урысейм къыгурыІуэжьын хуей щІэхъуа тхыдэ щхьэусыгъуэхэмрэ иджыпей тегъэщІапІэхэмрэ ятеухуауэ Налшык къалэм дзт курыт еджапІэ №9-м и класс нэхъыжьхьэм щІэсхэм епсэлъащ КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щыхуфэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым и отдельнэ Хъщхъуэжь Татьянэ. Ар «Дэ дызэщІыгъущ» цІэр иІэу «Урысей зэкъуэтым» зэхилъхьа парт проектым ипкъ иткІэ ди республикэм ягъуэ щекІуэкІа дерс зэІуэкІащ. ЗэІуэщІэр зекІуэхуар мы зэманым къэхъуа Іуэху инхэм я мыхьэнэр щІалэгъуалэм ягурыгъэІуэныщ.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ и ялэ Іыхьэр теухуауэ щытащ Кърымым щыІэ щытыкІэр щІызэІыхьам и тхыдэ лъабжьэхэм, совет лъэхъэнэм къралым и унафэщІхэм ялажьа щыуагъэхэм, иужькІэ СССР-р щыкъутэжьам республикэ псоми «зыми ІэщІэмыльу» зэрагъэІуам, Кърым Республикэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ Севастополь къалэмрэ Урысей Федерацэм и субъектхэм ящыщ зэрыхъуам.

Украинэм щыІэ политикэ щытыкІэм щытепсэльыхьам, Хъщхъуэжь Татьянэ школакІуэхэр кьыхуриджащ щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхуэ Іапі Іэхэр зэпэуваущІызэныкъэкъуэ дыдэхъэнэм пщІымрэ пэжымрэ зэхагъэкІыфу зрагъэсэну, бжьыгъэхэмрэ щапхъэхэмрэ зрагъэпщану. «Дунейм щекІуэкІ Іуэхуэм щыгъуазэ зыщыщІыкІэ, фэ егупсысауэ, акъыл хэлъу фыбгъэдыхьэн хуейщ. КъэкІуэну зэманым къэралыр зезыхьэнур фэращи, фэ фщыщ дэтхэнэми нэгъэсауэ къыгурыІуэн хуейщ украинхэри, урысхэри, Кърымым щыпсэу адрей пІэлъэкъэри ижь-ижьыж лъандэрэ зэкъуэшу къызэрэзэгъэзэгурыкІуэр», - къикурыІэщхьэхэкІащ Хъщхъуэжь Татьянэ.

Кърымым щекІуэкІа референдумым кърикІуахэмрэ Урысейм и ІыхуэхэмкІэ щекІуэкІа Іыхьэм жалахэмрэ зэрызэтехуэм нэрылъагъу къыпщеІуэ ди къэралымрэ а щІыналъэмрэ зэгуэхьпІэ имыІэу зэрыщытыр. Хъщхъуэжь Татьянэ забийжэм гу лъаригъэтащ, зэгуэр езы Украинэми зэрищІауэ щытам хуэдэу, Кърымым и референдумыр дунейпсо мардэхэм сыт и лъэныкъуэкІи къезэгъуэ къызэрызэрагъэпэщам. Апхуэдэу абы къыхихгъэщхьэхуКІащ Къырымэ Украинэм щыпсэурэ щапсэурэм иджыпстау Іуэхум и пэжыпІэм щыгъуазэ защІыну Іэмал зэрамыІэр, абы къыхэкІыу референдумыр зэрекІуэкІам и пэжыпІэр къаззэрыгурымыІуэр.

Дерсым хиубыдэу сабийхэр зыщІэупщІахэм ящыщщ Украинэм газыр зэрыращну щыкІэмрэ абы и уасэр зэрагъэувымрэ, Къухьэпі эхэр къэралхэм Урысейм хуаІэ пыщІэныгъэхэр ягъэмэщІну зэрагъэІуам кърикІуэнкІэ хъунухэр, туризмэм и дунейпсо рынокым Іыхьэм щызэфІигъэкІыфынухэр, «Артек» зыгъэпсэхупІэ цІэрыІуэр зэфІагъэувэжьмыкІэ гугъапІэхэр. Къырымым щат пенсэхэр урысей щыхухэм ирагъэкІуэ ящІын хуейуэ къыщІа-лъытам теухуа упщІэм и жэуапу Хъщхъуэжь Татьянэ къигъэлъэгъуащ иджы Къырыми Севастополь къалэри я хуитыныгъэкІэ Урысей Федерацэм и дэтхэнэ щІыналъэми зэрыхуэдэр, абы къыхэкІыу и щІыхуэр хуитынигъэкІэ зэхуигъэдэну къэралым и пщэ зэрыдэлъыр: «Абыи къыщымынэу, зауэ нэужь зэман шэджэладжэми, иужькІэ къэралыр зэкІэльымыкІуэу щекІуэкІа лъэхъэнэми ди лъапкъэр зыр адрейм дэІэпыкъуэу къогъуэгурыкІуэ».

ШколакІуэхэр апхуэдэу тегуэзвыхьу щІэупщІащ Іэмалыншагъэ гуэркэ къыхэкІэрэ Урысейм дзэр къигъэсэбэпын хуей хъумэ къриклэунум. ХъщІэм къыхихгъэщхьэхкІащ ди къэралым и Іэтащхьэкэм губзыгъэ зэрахэлІыр, фочым и кІакхъу щІамычу абыхэм геополитикэм и Іуэху ин дыдэхэр зэрыдагъэкІыфыр: «Иджыпсту Путин Владимир дуней псом нэхъ пщІэнчэу щызиІэ политикщ. Іэджэ къандэрэ дымыльагъужаэу, иужь зэманым Урысейм псоми нэрылъагъу ящищащ ар зи щхьэ Іуэху дзэзыгъэкІыжьыф, зыхуей унафэхэр кьищтэу пхъызыгъэкІыф къэрал лъэщу зэрыщытыр».

ЗэІуэщІэм и кІэухым школым и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ Хъщхъуэжь Татьянэ фІыщІэ кьыхуащІащ псалъэмакъ хъэлэмэт зэрыригъэкІуэкІам папщІэ.

ОТАРОВЭ ФатІимэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Лъахэхутэхэм я ехъулІэныгъэщІэ

Котляровжь Викторрэ Мариерэ къыдагъэкІа «Неизвестная Кабардино-Балкария» тхыльыр «Малая Родина» Х урысейпсо зэхьэзэхуэм дипломант щыхъуащ. Къищынэмыщ Іауэ, Іуэхур зэхэзублам - Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапі эм - налшыкдзсхэм я лэжьыгъэм хуэфащэн гулъыти къыхуищащ: зэщхьэгъусэхэм я Іэдакъэщэкіыр 2013 гъэм и тхылъ нэхъыфІу Урысейм къыщалъытащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щІыналъэ 58-м щылажьэ тхылъ тедзапІэу 125-м я лэжьыгъэ 450-рэ хэтат зэхьэзэхуэми, а псоми зэрефІэкІын гупсысэр дахагъэкІэ гъэщІат Котляровжь Викторрэ Мариерэ я «Неизвестная Кабардино-Балкария»-р.

Котляров Виктор щІыхь тхылъыр къыщратыжа пшыхьым щыжиІащ Урысейм и щІыналъэ нэхъ дахэхэм щыщым и хьэлэмэтагъэр зэщхьэгъусэхэм я лэжьыгъэмкІэ кьагъэлъэгъуэн зэрахэзгъэфІэкІар зэрагуапэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ЗэІущІэхэр

ХъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэр зэхуос

Иджыблагъэ Тэрч къалэ щызэхуэсащ КБР-м и муниципальнэ куейхэм къыщыдэкІ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр. «Терек-1» газетым и редакцэм щекІуэкІа зэІущІэм КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и Іэтащхьэ Дроздов Игорь, КъБР-м и Парламентым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис сымэ, нэгъуэщІхэри хэтащ. Жылагъуэ-политикэ гъащІэр газет напэкІуэщІхэм къыщыгъэлъэгъуэным ехьэлІауэ «Майские новости», «Баксанский вестник», «Баксан» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр къэпсэльащ.

АБЫХЭМ къагъэлъэгъуа гуныкъуэгъуэхэм ящыщщ апощт лэжьакІуэхэм газетхэр, журналхэр и зэманым щыхуэхэм зэрыІэрамыгъэхьэр, уасэу хуагъэувари пІалъэу къызэралъытэр. ЗэІущІэм и гугъу щащІащ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм щылажьэхэм я улахэр зэрымащІэм, щІэджэкІакІуэхэм я бжьыгъэм зэрыхагъэхъуэн Іэмалхэм, нэгъуэщІхэм.

Акъыл зэхэдзэ ящІам гупсэхуу щІэдзІуа иужь, Дроздов Игорь жиІащ иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым щекІуэкІа зэІущІэм газетхэм я тедзапщІэм зэрыщытепсэльыхьар, а Іуэхум и хэкІыпІэр зэгъуэсу кьэльыхьуапхъэу кьыззэрилъытэр.

ЗэІущІэм кьыщІэта Іуэхуэмэрэ ягъэІуа гуныкъуэгъуэхэмрэ КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым щелэжьыжьну хуагъэхьынущ.

КІУАНТІЭ Замирэ.

Ветеранхэм я гукъыдэжьыр къаІэт

Ветеранхэм я махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Къэрал автоинспекцэм и Іуэхущ Іапі эм махуэшхуэ концерт щекІуэкІащ.

УПРАВЛЕНЭМ и унафэщІыр зи пашэ Іэкъуэкіуэ гупыр ветеранхэм я махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 1991 гъэм Урысей МВД-м и Ветеранхэм я совет къыззрагъэпэщащ. 2011 гъэм УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид мэлыжьыхьым и 17-р Урысей МВД-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэу зэрагъэувым теухуа унафэм Іэ щІидзащ.

ЯгъэпІапІэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ, полицэм и полковник Бэдзыдз Юрэ. Абы фІыкІэ я цІэ кьриІуащ Іэрэмысэ Владимир, Къэшэж Мухътар, Цопановэ Роэз, Бабариновэ Александр сымэ, ГАИ-м и тхыдэм щыцІэрыІуэ нэгъуэщІ куэдми. ИужькІэ ветеранхэм фІыщІэ тхыльхэмрэ фэеплъ саугъэт зыпІэхэмрэ ирагащ.

ЗэІущІэм и кІэухым ветеранхэм, хьэщІэхэм я гукъыдэжьр къиІэтащ абыхэм папщІэ къызэрагъэпэща махуэшхуэ концертым. ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу абы хэтащ инспектор ныбжьыщІэхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

МВД-м и фильмыр ятокІуэ

Хабзэхъумэ Іуэхугъуэхэм ятеухуа детектив фильмхэмрэ телепрограммэхэмрэ я «ДетективФЕСТ» 16-нэ дунейпсо фестиваль иджыблагъэ Мэзкуу щекІуэкІащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пэщІэтыныжьмкІэ и центрым игъэхьэзыра «Лицом к истине» фильмыр «Терроризмэр - дунейпсо шынагъуэщ!» унэтІныгъэм щытекІуащ икІи дипломрэ саугъэт щхьэхуэрэ кьыхуагъэфащащ.

Фестивалым и кІэух Іуэхугъуэхэм хьарихьэлІат дуней псом и къэрал 41-м я лІыкІуэхэм ягъэхьэзыра художественнэ, документальнэ фильмхэр, телеэтынхэмрэ сюжетхэмрэ. Псори зэгъусэу зэпеуэм хэтащ художественнэ фильм нэщІысахэмрэ кІэщІкъэу 78-рэ, детектив сериал 26-рэ, документальнэ ленті 50, телепрограммэрэ теплъэгъуэу 150-м щигъу.

УАРДЭ Жантинэ.

КІуэдахэри къагъуэтыж

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм «Къэлъыхъуэныгъэ» Іуэхугъуэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжащ.

2014 гъэм мэлыжьыхьым и 15 - 16-хэм КъБР-м и щІыналъэм щекІуэкІащ «Къэлъыхъуэныгъэ» Іуэхугъуэм и ялэ Іыхьэр. Къэралхэм зэдгъэзэкІуэкІа лэжьыгъэм и мурад нэхъыщхьэр щІэпхъаджагъэ зэрихьауэ ягъэкъуанШэхэу дознаниемкІэ органхэм, следствиемрэ судыимрэ зыщІэзгъэпщкІуэхэм, хъыбарыншэу кІуэдахэм я хэщІапІэр уб зыхуэныкъуэ.

Лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІым полицейхэм щІэпхъаджащи 10 яубыдащ. Абыхэм ящыщу 8-р къэралым, 2-р щІыпІэм къыщалъытэуэрт. Апхуэдэуи хъыбарыншэу кІуэда цІыхуи 5-р здэщыІэр яубзыхуащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

● Фэеплъ

Ноби ящыгъупщэркъым

Унэгъэс Мухьэрбий

ЦІыхур псэущ, абы къигъэна и лъэужьыр щыІэху, и цІэр ягу къэкІыжьыху. И дуней тетыкІэрэ Іуэхущафэкіэ, и акъылрэ и щэнкІэ пщІэ иІэу къыхуиуха гъащІэр езыхьэкІахэм ящыщщ нобэ дигу къэдгъэкІыж Унэгъэс Мухьэрбий. Гугъэмрэ гъащІэмрэ щызэтемыхуэ куэдрэщ. И узыншагъэм къыхэкІыу иужь илъэсхэр унэрыс дыдэу зыгъэкІуа егъэдэлажьэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт Унэгъэс Мухьэрбий илъэс 70 ныбжьым иту 2004 гъэм и мэлыжьыхьым дунейм ехыжащ.

УНЭГЪЭСЫМ и гъащІэм уВыпІэ хэха щиІыгъащ публицистикэ лэжьыгъэм. ЩІэджэкІакІуэхэр дзэзыхэм, щІэщыгъуэ ящыхъуэ абы и очеркхэр, репортажхэр, и къалэмыпэм къыщІэкІа нэгъуэщІ тхыгъэ купщафІэхэр илъэс 40-м щигъуэкІэ кьыхетуащ «Маяк» район газетым. Къыхэдгъэщынщи, Мухьэрбий пыщІэныгъэ зыхуимыІа, и къалэмым къыщІэкІа тхыгъэ зыІэрымыхьа республикэм и къэрал цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм хэту кьыщІэкІынкъым. Абы и къалэмыр жант икІи газетхэм, журналхэм къытехуэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьынмкІэ илъэс къэс ирагъэкІуэкІ зэпеуэм и лауреат хуауэ щытащ. Мухьэрбий и фэеплъым щІэзыщІэкъэм ящыщщ илъэс куэдкІэ жьыджэру зыдэлажьа «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Унэгъэс Мухьэрбий хиубыдащ илъэси 10 - 12 ныбжьым иту Хэку зауэшхуэм ирихьэлІахэм, ар зи нэгу щІэкІахэм, зауэ нэужь гугъуехьхэм зыхьыкІахэм. Абы и ныбжьыр илъэс 16 ирикъуатэкъым «Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэфІым папщІэ» медалыр кьыщыхуагъэфащам.

Сыт хуэдэ гугъуехьхэм пхыкІын хуей хъуами, а зэман мытынышм хиубыда щІалэгъуалэр и пэкІэ зэрыкІуэным, щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ зэрыгъэгъуэтыным ерыщу хуэпагъэу кьэгъуэгурыкІуащ. Зауэ гуІэгъэншэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьным, къэралым, лъахэм и зыужьныгъэм зи гугъэІэ хэзыльхьа а щІэблэм ящыщ куэдым я цІэр ноби фІыкІэ ягу къагъэкІыж.

Илъэс куэдкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым къыдэлажьа, штатым хэмыт и корреспондент ГъэзэджэІ Унэгъэс Мухьэрбий зэ мыхъуми зигу къэмыкІыж, абы и фэеплъым пщІэ хуэзымыщІ хуэзахэм, иригъэджахэм, зыдэлажьахэмрэ и къуажэгъуэмрэ яхэту, псом хуэмыдэу Псыгуэнэу къуажэм дэсу, къыщІэкІынкъым. Ар егъэджакІуэу щыгъэжа зэманым школыр къуахащ еджакІуэ щэ бжьыгъэхэм. Мухьэрбий иригъэджахэм пІэлъкъыр зэрыгушхуэ щІэныгъэлІ куэд къахэкІащ, щІэныгъэхэм я кандидат, доктор хуахэщ. Абыхэм ящыщщ биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Щыхьмырзэ Мухьэмэд, Музтеатрым и дирижер, УФ-м щыхь зиІэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбий, УФ-м, КъБР-м щыхь зиІэ я артист Балъкъэз Валерэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Унэгъэс Мухьэрбий и лъэужьым кьыпызыщэн иІэщ. И щхьэгъусэ Тамарэрэ абыхэ я унагъуэр адрейхэм я щапхъэу къэгъуэгурыкІуащ. Абыхэм я щІалэщІыр адыгагъэ, щыхугъэ, пэжыгъэ, дахагъэ, гуапагъэ зыхэлъ щІыху гъэсахэщ. Я адэм далъэгъуа Іэдэбагъэр, лъэпкъым, щІыхухэм яхуиІа лъагъуныгъэр я гъуазэу зэшхэр дунейм тетщ. Нэхъыжь Хьэмзэт мэкъумэш академием механик Іэщ Іагъэм щыхуеджащ, курыт Хьэмэд Ярославль дзят политехникэ институтыр кІуихащ, нэхъыщІэ Залым хабзэм и хъумакІуэщ. Зэшхэр унагъуэ дахэу, адэ-анэм зыщІанІыкІа хабзэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я жьэгу щызекІуэу мэпсэу.

Мэлыжьыхьым и 24-м илъэсипщІ ирикъуащ пщІэ хуащІу къэпсэуэ щІыху гуащІафІэ Унэгъэс Мухьэрбий къыззрыгъэтхьыжрэ. Псэужатэмэ, абы и ныбжьыр мы псом фокІадэм и 12-м илъэс 80 ирикъунут. АщІыхуІуэжьыфІэм и фэеплъыр мыкІуэдыжьынщ. Унэгъэс Мухьэрбий и цІэр зэрехьэ щалъхуа, щыпсэуа, илъэс 40-м нэблагъэкІэ егъэджакІуэу щылэжьа Псыгуэнэу къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым. И ахъэрэтыр дахэу, щыпсэуа щІыльмкІэ къэмыхъуапсэу, и гур псэхуауэ Тхьэм жиІэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантий.

● ТхылтъыщІэ

Бзэхэм ятеухуауэ

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие институтым хьыкъ методикэ центрым тхылъыщІэ къыдигъэкІащ. Лъэпкъ куэд щыпсэу щІыналъэм къэралыбзэхэр къызэрыщагъэсэбэп щыкІэм теухуауэ илъэс блэкІам и дыгъэгъазэм Къыбгъуэ щекІуэкІа дунейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцым къыщаІэта Іуэхугъуэхэмкіэ абы хэтахэм я Іуэху еплъыкІэхэр бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкіэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсащ абы.

ЛЪЭПКЪ мащІэхэм я анэдэлъхубзэр хъума зэрыхъуну Іэмалхэм топсэльыхь Тыымыжь Хьэмыщэ, Унэлокъуэ Вячеслав, Хъуажь Фахъри сымэ. Тыркум щыпсэуэхэр Тары Али-Іихьсан, Еутых Адниян, Нэзэр Щэмит сымэ я тхыгъэхэм къыщагъэльэгъуащ хэхэс адыгэхэм адыгэбзэр егъэщІэныжьмкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъу программэхэр, анэдэлъхубзэм и кьулеягъыр хъумэным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр. Бзэр школхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ зэрыщагъэджыгъэр, иджырей технологиецІэхэм егъэдэжныгъэм щаІэ мыхьэнэм, егъэджэныгъэмкІэ къэрал стандартыщІэхэм къагъэувэкъэ анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ егъэджыным къызэрыщагъэсэбэп щыкІэхэм теухуауэ анэдэлъхубзэр щІэблэм езыгъащІэ егъэджакІуэ пажэхэу, щІэныгъэрылажьэхэу Амщокъуэ Хьэсэнбий, ПІыІэщын Людэ, Уэркъуасэ Ириней, Ацкъан Ритэ, Кардэр Мурсэдин, Тэнащ Тамарэ, ШкІахъуэ Жаннэ, Шокъум Эммэ сымэ я лэжьыгъэхэр.

Апхуэдэу тхылъым къыщыгъэльэгъуащ егъэджакІуэ, методист, щІэныгъэлІхэу Башиевэ Светланэ, Геляев Чомай, Ксалов Арсен, Битокъу Мадинэ, Щоджэн Іэминат сымэ бзэщІэныгъэмрэ литературэмрэ екъэлІа я гупсысэ гъэщІэгъэныгъэхэр.

ПсэукІэм, экономикэм екъэлІауэ гъащІэм щекІуэкІ зэхуэхьІныгъэхэм яжь къызыщІыну бзэхэр хъумэнымрэ егъэфІэкІуэнымрэ зи пщэ кьыдэхуэ псоми щхьэпэ яхуэхъунущ зи гугъу тщІы тхылъыщІэм щызэхуэхьэса тхыгъэ гъэщІэгъэныгъэр.

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

● Дзюдо

Мудрэн Беслъэн Европэм и чемпионыгъэр зыІэрегъэхьэж

Франджым и Монпелье къалэм дзюдомкІэ Европэм и чемпионат вэсэмахуэ щыкІыщІэІуэхащ. Абы и яп махуэм дыщэ медалыр щызыІэригъэхьащ ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн.

КЪЭРАЛ 43-м икІа спортсмен 320-рэ хэтщ Монпелье щекІуэкІ Европэм и чемпионатым. Яп дыдэу зэпеуэм хьыкащ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъэкэр. Абы Урысей Федерацэм и щІыхьыр щаухъумэрт Европэм и чемпион илъэситІ и пэкІэ хъуа Мудрэн Беслъэнрэ ижьрей Олимп Джэгуэхэм щытекІуа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент Галстян Арсенрэ. А дзюдоист ГъуэзэджитІыр финалым щызэхуэзэщІ куэд щІэхъуэпсыр. Арщхьэкіэ...

Галстян финалым нэсыпауэ къызэтрагъэзэуэвыІащ. КІуэх зэІущІэм зэхуэсыжьу щызэхагъэкІым абы хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа Азербайджаныр щыщ Мушкиев Ильгар Галстян текІуэфыну къигъэгугъэрт. Ауэ и лъакъуэр тещІэри, адэкІэ бэнэжьфакъым.

Мудрэныр нэхъ зэщІэкъуэуэ зэхьэзэхуэм хэтащ. Абы яп зэпеуэщІыр хуэхаха зэманыр имыкІыу иппонкІэ (хьэдзэу) и текІуэныгъэкІэ иригъэхуащ. МащІэу нэхъ гугъу езыгъэхар финал ныкъуэм щыщІыпэщІэхуа азербайджан щІалэ Сафаров Орканщ. АрщхьэкІэ абыи ефІэкІыфащ.

Нэгъабэ екІуэкІа Европэм и чемпионатым Мудрэныр зэрыхэмытар кьигъэсэбэпу абы и дыщэ медалыр зыІэрызыгъэхьа, Грузием щыщ Папинашвили Амиран иубыда лъагаПІэр иутІыпщыну и мурадтэкъым. Беслъэн къикІуэтынутэкъым. Арати, зэІущэм хуэаха зэманыр нэхъ лъэщыр зэхэмыкІауэ иухащ. ЩыщІагъуэ Іыхьэм Мудрэным и хьэрхуэрэгъур щыхигъащІэри, Европэм и чемпион цІэр зыІэригъэхьэжащ.

- Европэм и чемпионатым сыщымыбанэу, атІэ кьыззрыгуэкІ зэпеуэ сыхэту кьызыщІызгъэхъуну сыхуущІэкъуащ, - жиІащ зэхьэзэхуэр иуха иужькІэ Мудрэн Беслъэн. - Си дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэр Челябинск мы гъэм щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатыр щІ. Абы екІуу сызэрыхэтыным ерыщу зыхуозгъэхьэзыр.

Килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм Джэданэ Алим щыбэлэрыгъащ. Ар къигъэсэбэпри, Словениемрэ щыщ Гом-бок Адриан ар медалхэм хигъэкІыжащ.

ИльэситІ и пэкІэ Европэм и чемпионатым дыжьын медалитІ (щхьэзакъуэмрэ гупымрэ) кьыщызыхьа Хьэбэныр Мурат бэнэныгъэм щыхьыжьар дыгъуэпшыхьщ. Ди жагъуэ зэррыхъущи, килограмм 81-м нэс зи хьэлъагъэхэм я дежкІэ бы пэщІэдзэ зэІущІэм щыфІахьри, щхьэзакъуэ зэпеуэм Іыхьэншэ щыхъуащ. Ар иджыри гуп зэхьэзэхуэм хэтынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Радиацэм и зэранкІэ дунейм ехыжахэм нобэ я фэеплъ махуэщ

А гуауэр зэманым къызыпхевыж

1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Чернобыль атом электростанцым, СССР-м и станц нэхъ лъэщ дыдэм, и епІанэ блокым къуащ. Зиубгъум, кІуатэуэрэ, хьэуам радиацэ бзаджэр хэутІыпщхьа хъуащ.

ДУНЕЙПСО энергетикэм и тхыдэм ящэу къыщыкъуа гуауэзэхуэм щІыху куэд хэкІуэдащ, экономикэми зэранышхуэ хуэхъуащ. Чернобыль и гъуэзэр зэман кІыхькІэ щІыхуэм ящхьэщытащ. Ящэ мазищым кьриубыдэу щІыху 31-рэ хэкІуэдащ абы. Радиацэр зыхэт хьэуакІэ зэрыбгъуэм и зэранкІэ къыкІэлъыкІуэ илъэс 15-м щІыху 80-м щІигъу лІащ. ЩІыху 34-м абы узыфэхакащ. Чернобыль кьыщыхъуар гъэззэкІуэжьным хэтащ щІыху мин 600-м нэблагъэ.

Радиацэм зэщІищащ Украинэм, Урысейм, Белоруссием я щІыналъэм щыщу километр зэбгъузэнатІэ мин 56-рэ. Нэхъыбэ дыдэ лей кьызытехьар станцым километри 100-кІэ нэхъ пэмыжьыжьэ щІыпІэхэрщ.

Хьэуам зыщІифащ узыфэхэр къызыхэкІуран, плутоний, йод, цезий, стронций, радиоактивнэ сабэхэр. Хуит къэхуэ нэужь, ахэр щІэх пхуэгъэкІуэдыжьрэкъым. Радиацэм и зранкІэ узыфэ зэхуэмыдэхэр яІэу Европэм кьащІахуащ сабий мини 10-м щигъу. Нэхъыбэ хъуащ катарактэм, гу зыщІ, лышхым иубыдхэр, Даун и узыфэ зыпкърыту кьалъхухэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● УпщІэ-жэуап

Пенсэ ныбжьым хагъэхъуэну?

- Пенсэ ныбжьым и Іуэхум аргуэру топсэльыхь. Абы емыІуэсну дыкъагъэгугъауэ щытащ. Хьэмэрэ ар фІэкІыпІэ зимыІэ?

Воронинэ Е., *Магадан къалэ.*

Жэуап ирет УФ-м лэжьыгъэм щІыхуэр социальнэу хъумэнымкІэ и министр Топилин Максим:

- Пенсэ ныбжьым хагъэхъуэнукъым. Жьыгъэкіэ пенсэ ирагъэтэуэныну хуитщ илъэс 60 ирикъуа щІыхуэхъэмрэ илъэс 55-р щІыхубзхэмрэ. Пенсэ Іуэхум зегъэужьыныжьмкІэ унэтІныныгъэм я хабзэр ІупщІу щыуБзыхуащ. Абы къыдэкІуэ, я пенсэм хагъэхъуэн папщІэ, щытІысыжьыну пІалъэр ягъэІэпхъуэ хъунущ. Апхуэдэхэм я страховой пенсэм илъэс къэс саугъэт коэффициентхэр хущІагъэнущ. Псалъэм папщІэ, илъэси 5-кІэ нэхъ кІасэу пенсэм кІуэм кьратым хуэдэ 1,5-м нэскІэ, илъэси 10-кІэ нэхъ гуваУэ ар езыгъэсрэуэным хуэди 2,32-кІэ хухагъэхъуэнущ.

«Аргументы и факты» газетым кьитхьжащ.

● Зэпеуэхэр

ЕджакІуэхэм я зэхьэзэхуэ

Къэрал хабзэхэм еджакІуэхэр щыгъэгъуэзэнымрэ ар екІуу зехьэнымрэ теухуауэ Хьэтіохъущыкъуей къуажэм дэт школ-интернат №2-м иджыблагъэ щекІуэкІащ зэпеуэ гъэщІэгъэн.

ЯЩІЭНЫГЪЭР кьыщащцытэ «Брейн-ринг» зэхьэзэхуэр ящІэщыгъуэу икІи нэгъуэжьу екІуэкІащ. ЕджакІуэхэм егъгуу зыхуагъэхьэзырат зэпеуэм. Абыхэм псом хуэмыдэу жьыджэру зыкъыщагъэльэгъуащ упщІэ-жэуап Іыхьэм. Ныбжьыщ Іэхэм псынщІэу икІи купщІафІэу жэуап кьыхуагъэтырт жюрим хэтхэм я упщІэхэм. Зэхьэзэхуэ гупхэм фІыуэ ящІэрт цІыхум иІэ хуитныныгъэр зыхуэдэр, къэрал хабзэм тетыным мыхьэнэуэ иІэр.

ЕджакІуэхэм я зэфІэкІыр зыгъэнэхуар Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и департаментым, «КъБР-м къалэн куэд щагъэзащІэ и щІалэгъуалэ центр» къэрал Іуэхущ Іапі эм я лэжьакІуэхэрщ. Абыхэм жаІащ зэпеуэр гукъинэж зэращыхъуар, еджакІуэхэм мы Іуэхум фІыуэ зэрызыхуагъэхьэзырар.

ТАБЫЩ Динарэ.

ТОЛСТОЙ Лев

ХЬЭЖЫ-МУРАТ

Повесть

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№66, 67, 70 - 71, 73 - 79-хэм итщ).

УНЕМЫЖЬИ нэхъыфІщ. Уэ зырщ унагъуэм къинэр. Уи анэмрэ анэшхуэмрэ хъумэ.

Хьэжы-Мурат ищІэжырт зи щІалэгъуэр щхьэприхьи, пагагъэр кьебжьІынкІэ зэрыхъунур. Юсуфи а гурыщІэ дыдэхэм кьызэщІагъэпльауэ жиІащ псэуэ и анэмрэ анэшхуэмрэ зы цІыхуми лей кьызэрытригъэхьэнур. Шэсри, и адэм псы цІыкІум нэс дэкІуэтащ. Иджы Хьэжы-Мурат пэІэщІэщ и фызри, и анэри, и къуэри.

Мис а и къуэм и нитІащ Щамил ирищІыну жьыхуІэр! Абы и фызым ирищІэн жьхуэпІэм егупсысыхьэну хуейкъым.

А гупсысэхэм апхуэдизкІэ Хьэжы-Мурат ягъэпІейтеити, и пІэм исыфакъым. Ар къыщолъэт, ещІэкъуэдыжьу мажэри бжэр Іуедз, Елдар йоджэ.

- КІуэри пристафым жеІэ эзэштегъэу сызэрыкІуэр. Шыхэм уанэ ятефлъхьэ, - ещІ унафэ!

XXIV

АЗЭМАНЫМ Бутлер зэштегъэупІэу иІэр зауэ хуэІухуэщІэхэм ехьаІат, а Іуэхур кьиГъанэртэкъым къулыкъум щыпсрытми щызыгъэпсэхуэм дежи. Адыгэ цей щыгъыу шыгъэджэу ищІырт, тІэу пшапэтІыс кІуэт зыгуэрхэр кхъуэмыубыда, ямыукІа пэтми. Зи хахуагъэкІэ хэІущІыІу хъуа Богдановичи зригъэныбжьэгъэр Іуэху гуапэ, щхьэпэ къыфІэщІырт. И щІыхуэр журтым процентышхуэ пэкІуэу ахъшэ къыІихри ипшыныжат, нэхъ тэмэму жьпІэмэ, Іуэху зэфІэмыхар ІуигъэкІуэтауэрат. А псом зэрымыгупсысыным пылът, зауэ хуэІухуэщІэхэм нэмыщІ, фадэкІи зытригъэурт. КІуэ пэмии нэхъыбэрэ ефэрт, кІуэ пэтми и пщІэр, нэмысыр ехуэхьырт. Иджы ар Марье Дмитриевнэ дежкІэ Иосиф дахащэжтэкъым, абы щхьэжкІэ къимыгъанэу гурбияну абы пылъын щІидзат, ауэ, кІэщІу къыпригъэхащ, икъукІэ къигъэпуду, къигъэукІытэу.

Апрелым и кІэм быдапІэм къэкІуащ зи щІыгу утехьэну шынагъуэу къальытэ Шэшэным ихьэу и кІыхьагъкІэ кІуэщІрыкІын хуейуэ Барятинскэм къалэн зыхуищІа дзэ пакІэр. Абы хэтт Къэбэрдей полкым щыщротитІ, икІи кавказым хабзэ зэрыщыхъуэм тету, а ротэхэр Куринскэм щыІэхэм хьэщІэу ирагъэблэгъащ. Сэлэтхэр казармэхэм трагуэшащ, щыхьэщхьэхэу быльымыл, кашэ хуэдэхэм нэмыщІ, фадэ хутрагъэуващ, офицерхэри епсыхри, ахэри, мыбы зэрыщащІри, ягъэхьэщІащ.

Пщыхьэщхьэпхэр фадэкІэ, уэрэдкІэ яухащ, Иван Матвеевич хьэдэу чэфт, ар иджы пльыжьтэхьым, фагъуэт, сэшхуэр кьрихауэ, нэкъыфІэщІ биИхэр зэтриупщІатэрт, хъуанэщІанэрт, дыхьэшхырт, хэт къыІэрыхьэми Іэпл1э хуищІу, фІыуэ ильаГъу уэрэдыр, «Шамиль начал бунтоваться в прошедшие годы, трай-райрататай, в прошедшие годы» жьыхуИэр кьришу хитІэ-хисэрт.

Бутлери мыбы щыІэт. Мы ефэ-ешхэми зауэ хуэІухуэщІэ хильаГъуэну хуейт, игукІэ Иван Матвеевич фІэгуэныхьт, ауэ ар къэбгъэуВыІэнкІэ зы Іэмал щыІэтэкъым. Фадэр и щхьэм зэрыдэуеяр зыхищІэри, Бутлер унэм кІуэжащ.

Жэщ мазэгъуэм унэ хужь цІыкІухэри гъуэгуу телъ мывэхэри игъэнэхурт. АпхуэдизкІэ мазагъуэти, дэтхэнэ мывэ цІыкІури, хьэуазэ щхийри, шывейри пльагъурт. БжэІупэм щыІухьэжьм ар Іущ1ащ Іэльэщ1 зэзышэкІ Марье Дмитриевнэ. Кьызэрыпригъэхрэ Бутлер уКІытэрти, Марье Дмитриевнэ зыхуиГъазэртэкъым. Иджы жэщ мазэгъуэ дахэм, зэфа фадэм кьыхэкІкІэ абы зэрыІущІам щыгуфІыкІащ икІи езым и деж иригъэблэгъэну игу кьихьащ.

- Дэнэ уежьа? - йоупщІ ар.

- Си аІжьыбгъ слъагъуну, - ныбжьэгъугъэ хэльу жэуап кьет модрейм. Абы игукІи и псэкІи къыпригъэхат кІуапІэ къезымыту къыкІэрыхьыжьа Бутлер, ауэ нэмыплъ къызэрыритыр игу кьеуэрт.

- Сыт лъагъунлъагъу ущІэкІуэнур, езыр къэкІуэжынщ.

- КъэмыкІуэжмэ-щэ?

- КъэмыкІуэжмэ, кьахьыжынщ.

- Аракъэ Іейр, - жеІэ Марье Дмитриевнэ. - АтІэ, сымыкІуэнрэ?

- УмыкІуэ, нэкІуэжи нэхъыфІщ.

Марье Дмитриевнэ егъэзэжри, Бутлер бгъурыту унэм кІуэжыну йожьэж. Мазэр апхуэдизу къопсри, гуэгуэм тридзэ ныбжьым и щхьэр нуру блэ хуэдэу дольагъу. Бутлер щІыхубзым йоплъ, дауэ мыхъуами, абы ар игу зэрыриихыр жриІэну зегъьэхьэзыр, ауэ кьызэрыщІидзэнур ищІэркъым. Марье Дмитриевнэ поплъэ абы жиІэнум. Апхуэдэу щыму ищІантІэм щыдыхьэжьм, пІанэпэм шу гуэрхэр кьыкъуэкІащ. Офицеррэ абы и хъумакІуэмрэ.

- Хэт Тхьэм мы кьытхуихьар? - жиІэу Марье Дмитриевнэ токІуат.

КъыІухьар и щІыбагъымкІэ мазэм кьыщигъэнэхурти, Марье Дмитриевнэ ар къыщицІыхупар гъунэгъу дыдэу кьыбгъэдыхьа нэужьщ. Ар Каменев офицерыр, нэхъапэм Иван Матвеевич щІыгъуу кьулыкъу зыщІарт, арат Марье Дмитриевнэ щІинэІуэсэри.

- Петр Николаевич, уэра? - зыхуегъазэ абы Марье Дмитриевнэ.

- Сэр дыдэрщ, - жеІэ, - О, Бутлер! Уузыншэм! Жейм уеззэгъыркъэ? Марье Дмитриевнэ ущІыгъуу уи нэгу зебгъэужьрэ? Сакъ, Иван Матвеевич, уи щхьэр пхуфІищІыкІынщ. Дэнэ щыІэ ар сэмр?

- Зэхэпхырщ, - жеІэ Марье Дмитриевнэ, Іэуэльауэщхуэ кьыздиІукІымкІэ и Іэр ищІурэ. - Йофэхэр.

- Фыфейхэра ефэр?

- Хьэуэ, Хасавюрт кьикІэхэрщ, мес ягъэхьэщІэ.

- Ар дэгъуэщ, дэри дыкьыкІэрыхуэ хуэдэкъым. Сэ дакъикъэ закъуэкІэ абы и дежсыкъыІухьауэ арат.

- СлІо, Іуэху хуиІэу ара? щІоупщІэ Бутлер.

- Іуэху цІыкІунитІэ хузиІэщ.

- ФІы хьэмэрэ Іей?

- Ар узэреплъщ. ДэркІэ фІыщ, ауэ зыгуэрэм я дежкІэ узижагъуэнщ, - мэдыхьэщх Каменевыр.

Абдежым ахэр Иван Матвеевич и бжэІупэм Іуохьэ.

- Чихирев!- йоджэ Каменевыр къэзакъым. - КъакІуэт мыдэ.

Дон къэзакъыр адрейхэм кьахокІри къабгъэдохьэ. Ар кьызэрыгуэкІ къэзакът дон фащэ щыгъыу - шырыкъу, шынел, уанэ кьуапэм хъуржьмэ зэпедзэкІ фІэлъу.

- Къащтэт а зэдэтщІэр, - жеІэ шым епсыхьыурэ.

Къэзакъри йопсых, хъуржьмэ зэпедзэкІам кьэп хэрех зыгуэр ильу. Каменевым кьыІехри, кьэпым и Іэр ирегъэльадэ.

- ХьыбарыщІэ фэзгъэлъаГъун? Фыщышынэркъэ? - зыхуегъазэ абы Марье Дмитриевнэ.

- Сыт сызыщышынэнур?- жеІэ Марье Дмитриевнэ.

- Мис мыбы, - жеІэри, Каменевым кьэпым щІыхущхьэ кьрех, мазэм и нэхур нэхъ тепсэн хуэдэу иІэтурэ. - КьэфцІыхуужрэ!

Ар щІыхущхьэ упсат, нэбдзэм и щхьэкІэ натІэбжьэ кьупщхьэр нэщІащэм лъагэу кьытету, зытещыхьа жьакІэ фІыцІэ, пащІэ тету, нитІым языр зэтепІат, адрейр ныкъуэкъапльэт, щхьэ упсар уІэгъэ хьэльэу зэхэупщІэтат, и пэр зэрыщыту лъы фІыцІэ пщІат. Пщэм лъы защІэ напэІэльэщІ кьешэкІат. Щхьэм сыт хуэдиз уІэгъэ темыльамэ, Іупэ ущхьэнтІахэм сабий пыгуфІыкІыкІэ гуапэ кьатещт.

Марье Дмитриевнэ епльщ, зы псалъэ жимыІэу зигъазэри, псынщІэу унэм щІыхьэжащ.

Бутлер и нитІыр кьытримыхьфу епльырт щхьэ шынагъуэм. Ар пщыхьэщхьэ куэдкІэрэ игъэныбжьэгъуэу, уэршэрэгъуэу гуапэу зыбгъэдэса езы Хьэжы-Мурат дыдэм и щхьэрат.

- Мыр дауэ? Хэт ар зыукІар? Дапщэщ? - йоупщІ ар.

- ЩІэпхъуэжьи и гугъат. Кьаубыдыжащ, - жеІэри, Каменевым щхьэр кьэзакъым иретыжыр, Бутлер и гъусэу унэм щІохьэ.

- ЛІы хуэдэу лІащ, - жеІэ Каменевым.

- Дауэ зэрыхъуар?

- Зэ умыпІащІэ, Иван Матвеевич кьэкІуэжмэ, псори зэхэхауэ нывжеІэнщ. Аращ сыкъыщІагъэкІуар. БыдапІэ псоми, кьужжэ псоми сокІуэ, цІыхухэм язогъэльэгъу.

Иван Матвеевич лЫкІуэ хуащІати, езым ещхьу щІихуэу ефа офицерхэр щІыгъуу кьэкІуэжащи, Каменевым ІэпІэ хуещІ.

- Сэ, - жреІэ Каменевым абы, - Хьэжы-Мурат и щхьэр къыфхуэсхьащ.

- ПщІыщ жьпІэр! ЯукІа?

- ЯукІащ, щІэпхъуэжьи и гугъат.

- ЖысІатэкъэ дыкъызэригъэпщІэнур. Дэнэ щыІэ и щхьэр? ЩхьэрэІ дэнэ щыІэ? СыгъэльаГъу.

Къэзакъым къодкэ, абы щхьэр зэрылъ къэпыр кьыщІехьэ. Щхьэр кьрах, Иван Матвеевич чэфынэхэмкІэ абы кьуэдрэ йопльэ.

- Дауэ мыхъуами, лЫ хахуэт, - жеІэ абы. - Къащтэ, ба хуэзгъэщІ.

- Пэжщ, щхьэмыгъаазэт, - жеІэ офицерхэм ящыщ гуэрым.

Псори ирагъэпльа нэужь, щхьэр кьэзакъым иратыж. Къэзакъым щхьэр, льэгум щытехуэкІи макъышхуэ имыщІын хуэдэу хуэсакъыу, кьэп льащІам ирелъхьэж.

- Сыт, Каменев, жьпІэр щІыхуэм щхьэр щебгъэлъагъум деж? - щІоупщІэ зы офицер.

- Хьэуэ, къащтэ мыдэ ар, ба хуэзгъэщІ. Сэ абы сэшхуэ кьызитащ, - мэкІий Иван Матвеевич.

Бутлер щІыбым щІоКІ. Марье Дмитриевнэ дэкІуеипІэм и етІуанэ дапхъэм тесщ. Ар Бутлер кьопльри, губжьауэ и щІыб кьыхуегъаэз.

- СлІо, Марье Дмитриевнэ?- йоупщІ Бутлер.

- ФыщхьэфІэбзщ фэ псори, фыщхьэфІэбз. Сыфтеплъэ хъуркъым. ФыщхьэфІэбзщ, - жеІэ абы кьэтэджурэ.

- Ардыдэрэ хэтикьыщыщІыкІэ хъунущ, - жеІэ Бутлер, нэгъуэщІ жиІэн кьыхуэмыгъуэту. - Зауэ жьхуаІэращ.

- Зауэ жьпІа? - кьыхокІиикІ Марье Дмитриевнэ. - Дэнэ кьикІа зауэ? ЩхьэфІэбз жьхуаІэращ. Льэдэр щІым щІэлъхьэн хуейщ, мыбыхэм ягъэпІийуэ кьрахьэкІ, я дэлыфэ ятІри зэхэтщ. ФыщхьэфІэбзщ, жьпІэнурамэ, - кьытригъэзэжурэ жеІэри, шыгъуэгубжэмкІэ унэм щІохьэж.

Бутлер хьэщІэщым егъэзэжри, Каменевым йолъэІу Іуэхур кьызэрекІуэкІар зэхэхауэ я кьажриІэну.

Каменевым кьажриІащ.

Мыпхуэдэущ ар кьызэрыхуар.

XXV

ХЬЭЖЫ-Мурат хуит ящІат кьалэм и Іэгъэублагъэм шууэ и нэгу зыщригъэужьыну, ауэ абы щыгъуэм кьэзакъ хъумакІуэ гуп щІыгъун хуейт. Нухь кьэзакъ щэ ныкъуэ хуэдиз дэсу арат, абы щыщу щІыр Іэпыдзлъэпыдзу унафэщІхэм зэбграшати, кьэнар, унафэ зэращІам ещхьу, щІыху щІырыщІу ирагъэбыдыІэмэ, дэтхэнэри махуитІ кьэс зэ абы дэщІыгъун хуейт. Я пэ махуэм щІыхуищІ щІагъуами, итІанэ мурад ящІащ Хьэжы-Мурат и Іэпыдзлъэпыдзхэр здримышэжьну елъэІуэху, дяпэкІи щІыхуитху фІэкІа дыщІамыгъужьну, арщхьэкІэ апрелым и 25 махуэм Хьэжы-Мурат и Іэпыдзлъэпыдзитхури гъусэ ищІащ. Хьэжы-Мурат шым щышэсым дэз унафэщІым абы жриІат и Іэпыдзлъэпыдз псори здришэжьну ар зэрыхуимытыр, арщхьэкІэ Хьэжы-Мурат зэхимыха зищІу и шым щелъэдэкъауэм, унафэщІми абы кьыфІигъэкІатэкъым. Къэзакъхэм ящІыгъут георгиевскэ нагъыщэм и щауэ, зи щхьэр кІэщІу ещэкІа, щэри лъыри зэщІэту зи нэгу щыджэгу щІалэ хахуэ урядник Назаровым. Ар старообрядческэ унагъуэм я бын нэхъыжьт, и адэр ящхьэщытыжтэкъыми анэмрэ шыпхъэщыщымрэ гуГъапІэу яІэр а зырат.

- Хуэсакъ, Назаров, жьжьэ Іуумыгъэк! - кІэлъыджащ абы унафэщІыр.

- СынодаІуэ, зи щІыхьыр ин, - жэуап кьет абы, лъэрыгъым здиувэм фочыр и пІэм иригъэзагъэу, иш дэгъуэралащэгъуэ пагуэ пІащжьыр ущу иутІыпщу. Абы и ужьым кьэзакъиплІ итт: хъунщІэнрэ ІэпашхэльэпашхэнрэкІэ зыхуэдэ щымыІэ Ферапонтовыр - лЫ ныхуэгъу кІыхьыр, Гамзал гьн езыщащэ щыта дыдэр; зи кьарур зыгъэлъэгъуэн зыфІэфІ, кьулыкъу пІалъэр нэзыгъэблэгъа лЫ хэкІуэта зыІэщІэлъ Игнатовыр; псоми я ауан щІалэ ІэупщІлъэупщІ Мишкин ныбжьыщІэр; анэм и бын закъуэ, щІалэ сырыху гушыІэрей, дэтхэнэми хуэгуапэ Петраковыр.

Махуэр, пшагъуэ кьытрихуауэ нэху кьекІами, пщэдджыжь шхэгъуэм щынэсым, дунейм зиукъэбзыжри тхьэмпэ зыдза жыгхэри, удзыщІэ зыкъэзыІэтахэри, гъавэ хьэсэхэри, гъуэгум и сэмэгурабгъумкІэ щежэх псыри игъэщІэращІэу дыгъэм кьепсын щІидзащ.

Хьэжы-Мурат и шыр лъэбакъуэкІэ кІуэрт. Къэзакъхэмрэ Іэпыдзлъэпыдзхэмрэ абы зы кьыкІэрагъэхурэгъкъым. Ауэрэ быдапІэм блэкІ гъуэгум тохьэхэр. Чы матэ зи щхьэм тет цІыхубзхэм, шыгум ис сэлэтхэм, хыв зыщІэщІа выгу кІыргъхэм яблокІхэр. Верститі хуэдиз якІуащ жьпІэну, Хьэжы-Мурат и адыгэшым лъэбакъуэхъу зрегъэщІ, абы щыщІэмыхьэкІэ, Іэпыдзлъэпыдзхэм яшхэр ягъэуущ. Ущым хуокІуэ къэзакъышхэри.

- Сыту шы дэгъуэ тес, - жеІэ Ферапонтовым, - къы-дэзауэу щыщыта зэманым дыкъухужатэмэ, къезгъэпсыкынт.

- Ей, си къуэш, а шым Тифлис сом щищ кьыщІадтырт.

- Си шымкІэ сытекъынщ абы, - жеІэ Назаровым.

- Мохьщ, утежьнщ... - идэрэкым мыдрейм.

Хьэжы-Мурат нэхъ псынщІэ зещІ.

- Ей, кунак, ар хъунукъым. Нэхъ хуэм зыщІ, - кІэлъоджэ абы Назаровыр кІэлъеІэурэ.

Хьэжы-Мурат кьоплъэкІ, ауэ зыри жиІэркъым, нэхъ хуэм зимыщІу зэрыльэхъуу макІуэ.

- Пльагъуркъэ кьагупсысыр,- мэшхыдэ Игнатовыр, - хуэм защІыркъым.

Апхуэдэу верст хуэдиз кьуршхэмкІэ кІуэуэ зэпач.

- Хъунукъым ныбжесІакъэ? - маджэ Назаровыр аргуэру.

Хьэжы-Мурат жэуап кьриты ркъым икІи кьеплъэкІыркъым, нэхъ псынщІэ зещІри и шым и кІуэкІэр ехъуэж, щІегъэхуабжьэ.

- Ущоуэ, усІэщІэкІынкъым, - мэкІий Назаровыр, губжьыр кьыщыхьауэ.

И алащэм щІопщ уэгъуэ ирех, льэрыгъым ийовэри шым зытриубгъауэ зэрыльэкІкІэ ХьэжыМурат кІэльоІэ.

Уафэр кьабзэт, хьэуар ІэфІт, Назаровым и щІалэгъуэт, и гуащІэр и псэм щыджэгурти, иш лъэщыжмрэ езымрэ зы хуауэ, гъэзау захуэм тет ар Хьэжы-Мурат кІэльыльатэрт мыщхьэмпІэ, нэщхьягъуэ, шынагъуэ гуэр кьэхъну и щхьэм кьимыхьэу. Ар щыгуфІыкІырт ильыгъуэ къэс Хьэжы-Мурат нэхъ гъунэгъу зэрыхуэхъум, зэрылъэщІыхьэм. Къэзакъым иш пІащэм и лъэмакъымкІэ Хьэжы-Мурат кьищІащ ар гъунэгъу кьызэрыхуэхъур, куэд мыщІэу кьызэрылъэщІыхьэнур икІи Іэ ижьымкІэ кІэрахъуэр иубыдри, сэмэгумкІэ мащІэмащІэурэ къыжьэдикъуэу щІедзэ бахъэр къыІурихыу кьызэщІэплъа адыгэшыр.

- КъэувыІэ бжесІакъэ! - мэкІий Назаровыр, Хьэжы-Мурат ирихуІэпарэ, абы и шым и шхуэмылакІэм епхъуэн хунэмысауэ, кІэрахъуэ уэ макъ къэІуащ.

- Сыт пщІэр? - кьэкІиящ Назаровыр и бгъэм епхъуэжурэ, ар уанэгум щызеуалэри, и шы пщэдыкъым дэхущ.

Бгырысхэм къэзакъхэм апэ я Іэщэр кьрапхъуэтащ, кІэрахъуэкІэ къэзакъхэм еуэн, сэшхуэкІэ ахэр кьрауущІэтэхын щІадзащ. Ныбжьэгъухэм яш зэхэлъэдажам я хъуреягъыр Назаровыр и пщэм дэлъу абы и шым кьижьыхыырт. Игнатовыр зытес шыр джэлащ, абы и лъакъуэр щІиубыдауэ. БгырыситІыр яш кьемыпсыхыу сэшхуэкІэ ар ауупщІэтэрт, и щхьэм, и Іэхэм еуэурэ. Петраков и ныбжьэгъур кьритгъэльну зидзат, арщхьэкІэ бгырысхэм кьауТІыщІащ шитІым язым и щІыбыр, адрейм и джабэр кьасащ, езыри къэпым ещхьу шы лъабжьэм щІэхуащ.

Мишкиным игъэкІэрахъуэри, быдапІэмкІэ щІэпхъуэжащ. Хьэнэфийрэ Хъан-Магомэрэ абы кІэльъежьат, арщхьэкІэ фІыуэ ящхьэщыкІати, бгырысхэр лъэщІыхьэжакъым.

Къэзакъым зэрылъэщІэмыхьэнур щалъагъум, Хьэнэфийрэ Хъан-Магомэрэ къагъэзэжащ. Гамзалэ къамэкІэ Игнатовыр иукІыпэри, Назароври шым кьридзыхри фІибзащ. Хъан-Магомэ укІыгъэхэм шэ зэрылъ хъуржьнхэр къапщІыхихащ, Хьэнэфий Назаровым и шыр къиубыдын и гугъат, арщхьэкІэ Хьэжы-Мурат ар къыхуимыдау гъуэгум техьэри ежьэжащ. Муридхэр абы ижь иуващ Игнатовым иш кьакІэлъыжьэр зыбгъэдахуурэ. Нухь верстищ хуэдизкІэ пэІэщІэ хъуахэу абыхэм зэхахащ быдапІэм топ зэрыщагъэуар, гузэвэгъуэ кьызэрыхъуам и щыхьэту.

Петраков гумэщІу, сэшхуэм зэхиупщІэта и ныбэр къыдэгъэзеяуэ щылът, щІалэщІэм и нэгур уэгум хуэгъэзат, псым кьыхадза бдзэжьейм ещхьу макъышнэу зэщыджэу ар лЭрт.

- ДыкъэзыгъэщІа, абы кьыдащІам епльэ, - и щхьэм епхъуэжащ быдапІэм и тетыр Хьэжы-Мурат зэрыщІэпхъуэжар щыхьрапІам. - Си щхьэр пахащ! ХъунщІкІуэр зыІэщІагъэкІащ, - кІийрт ар Мишкин кьыжриІахэм зедаІуэм.

ДэнэкІи хъыбар ягъэхьащ, щІэпхъуэжахэм пхъэр хуащІащ Іэгъуэблагъэм яхущІэхуэщІэса псори, ахэм ящмыщІ, зауэм хэмыт жьлагъуэхэм дэс милиционерхэри. Хьэжы-Мурат и ныбжьэгъуэхэр щІыгъуу къэзакъыр щІыгъуу къэзакъхэм зэрапІащІэкІрэ сыхьэтитІ нэхъ дэмыкІыу приставыр я пашэу шу щитІ якІэлъыщІэпхъуащ щІэпхъуэжахэр къагъуэту къаубыдыжыну.

Верст зыбжанэ гъуэгу захуэм тету яжа нэужь, Хьэжы-Мурат и шы хужь пщІэнтІэпсым гъуэгабжэ ищІар кьыжьэдекъуэ, къегъэуВыІэпэ. Гъуэгум и ижьыбгъуэкІэ Белярджыкъуэ къуажэм и унэхэмрэ азэнджапІэмрэ къыщолъагъуэ, сэмэгумкІэ губгъуэщ, ар щиухым дэс псы щожэх. Бгым кІуэ гъуэгур ижьырабгъумкІэ щылэ пэтми, Хьэжы-Мурат и шыр сэмэгумкІэ триИуэнтІащ, пхъэрыр Іэмал имыІэу ижьымкІэ кІуэну кьилытэри. Езыр гъуэгу щымыІэми, Алазань псым зэпрыкІынщи, гъуэгушхуэм, абы зыри кьыщыпэмыплъэм, тету мэзым нэс кІуэнщ, итАнэ псыр аргуэру кьызэпиущІыжьынщи, адрыщІ мэзым хьэхэнщи, мэз щІагъ защІэкІэрэ кьуршым ихьэжьнщ. Апхуэдэу егупсысри, абы сэмэгумкІэ трИуэнтІащ. Ауэ псым нэс мыкІуэфыну кьыщІэкІащ. Гъатхэ кьэси зэращІ хабзэу, прунж хьэсэхэм псыр траутІыпщхьати, шэдыпст, шы лъабжьэр щІигъанэу. Хьэжы-Муратрэ и Іэпыдзлъэпыдзхэмрэ зэм ижьымкІэ зэми сэмэгурабгъумкІэ траІуантІэ гъущапІэ къагъуэтын я гугъэу, арщхьэкІэ губгъуэ псом зэлъэІэсу псыр щхьэщытщ щІым куууэ зыщІифауэ. Шыхэм я лъэр пхощэт щІы цІынэми, кьыщыхачыжжкІэ Іэуэльауэ я ящІ, лъэбакъуэ зыбжанэ зэрачу, хьэлъэу бауэу кьоувыІэхэр.

Апхуэдэу гугъуехьищэр ятелъу, псыми нэмысауэ, пшапэр зэхэуэу хуежьащ. СэмэгумкІэ, тхьэмпэ хъуа гъуэй щІыІэгупІэ щыІэти, Хьэжы-Мурат мурад ищІащ. чыцэм хьихьэу шы ешахэм жэщ хъуху зариГъэгъэпсэхуну.

Чыцэм хьихьэхэри, Хьэжы-Мурат и Іэпыдзлъэпыдзхэри епсыхащ, яшхэр ялъахъэри хъуэкІуэну яутІыпщащ, езыжэр кьыздащта щІакъчэм, кхъуеймкІэ зэІууахэщ. МазэщІэ кьыщІэкІар кьырым кьухьэжати, жэщ мазэххэ кІыфІт. Нухь бзуущхъуэ щыкуэдми, мы гъуейми тІут хэсыр. Гъуейм щызеуэ Хьэжы-Муратрэ и щыхуэмрэ я Іэуэльауэм игъэщта бзуущхъуэхэм я уэрэд эппатъуащ, ауэ ахэр зэрыпгесабрэжу бзухэм я уэрэд зэфІащІэжащ. Жэщым и Іэуэльауэм сакъыу пхыдэІукІыуэр Хьэжы-Мурат, хуей-хуэмеими, ахэм я ушэм едаІуэрт.

Андезыпс щхьэкІэ ныжэбэ кьыщыщІэкІам бзуущхъуэхэм я фий макъым абы игу кьигъэкІыжащ Хьэмзэт и уэрэдыр. Иджы сыт хуэдэ дакъикъэм ар Хьэмзэт зэрыта щытыкІэм ещхь ихуэнкІэ хъунут. Апхуэдэ дыдэ кьызэрыхъунур и щхьэм кьихьэри и фІэщи хъужащ. ЩІакІуэр иубгъури нэмэз ищІащ. Нэмэзыр иуха кьудеИуэ, чыцэм гъунэгъу кьыхуэхъу Іэуэльауэ макъэр кьэІуащ. ШІэдым шы куэдым я лъэм Іэуэльауэщхуэ ящІу кэрыпгесабкІырт. Нэ жан зиІэ Хъан-Магомэ чыцэ гъунэм ІуЛъадэмэ, кІыфІым хелъагъуэ шуми лъэсми цІыху куэд гъуейм гъунэгъу кьызэрыхуэхъур. Хьэнэфий гу лъитащ адрей лъакъуэмкІи цІыху гупышхуэ кьикІыу. Ар уездым и зауэІ унафэщІ Каргановыр арат, милиционерхэр щІыгъужу.

«Сыт тщІэн, Хьэмзэт хуэдэу дызэуэнщ!» - егупсысащ Хьэжы-Мурат.

ПІащІэгъуэкІэ хъыбар кърагъэщІа нэужь, Каргановыр милиционерми къэзакъми цІыхуищэ щІыгъуу Хьэжы-Мурат кІэльыпхъэращ, арщхьэкІэ и щхьи и лъэужьи кьызхуэгъэзэкъым. Гугъэ лъэпкъ имыІэжу унэм итхьэжауэ, пщыхьэщхьэхуегъэзэкІыу ар тэтэр лЫжь Іущ1ащ. Каргановыр лЫжьым еупщІащ шуих умылъэгъуауэ пІэрэ жиІэри. ЛЫжьым жэуап кърет ильэгъуауэ. Абы ильэгъуат шуиих прунж хьэсэм игъэщхьэрыуауэ иту, итІанэ ахэр абы езым пхъэ щыхихэ гъуейм щепсыкъуэ. Каргановым лЫжьыр зыщІигъури кьигъэзэжащ, шы лъэхъэхэмкІэ кьищІащ абдеж Хьэжы-Мурат зэрыщыІэри икІи гъуейр кьитЫсыхьащ, нэху щымэ, Хьэжы-Мурат псэууэ е лЫауэ иубыдыну.

КьызэратЫсыхьар щилъагъум, гъуейм и курыкупсэм пхрыкІ кІэнауэм итІысхьэу щэрэ къарурэ иІэху зэуэзыщ Хьэжы-Мурат триухуащ. Апхуэдэу и ныбжьэгъухэм яжриІэри унафэ яхуищІащ егъэзыпІэ тэмэм зэрагъэпэщыну. Абыхэм жыг кьудамэхэр кьраущІэхым, кьамэкІэ щІыр кьатІым, ахэр зэтратхъуэзэтраубэжурэ, щІытІыр ягъэбыдащ.

Нэхутхьэху зэрыхъуххэу, милицэм я унафэщІыр гъуейм гъунэгъуу кьыщыбгъадыхьэри къэщащ:

- Ей, Хьэжы-Мурат! Зыкъэт! Дэ куэд дохъу, фэ фымащІэщ.

Абы и жэуапу кІэнауэм Іугъуэм зыщеІэт. Шэ фий макъ къоІури ар зытеса шым зы тохуэ, ш1э зыщІэтыса шым зыщІедзэри, мэджалэ. Абдежым мэз гъунэм щыт милиционерхэми я фоч уэ макъым зеІэт, шэхэм фийуэ, вууэ жыг тхьэмпэхэр, кьудамэхэр кьыпгесабльэль щІытІым ильальэу, ауэ цІыхухэм ятехуэркъым. Гамзалэ иш зыкъэзытІэтам фІэкІа адрейхэм шэ ялъэІэсакъым. Шым и щхьэр уІэгъэ хъуами, джэласкым, атІэ лъахъэр зэпичри, адрей шыхэм яхьыхэжащ, защехъуэ, лъыкІэ удзыщІэр етхьэщІ. Хьэжы-Муратрэ и гъусэхэмрэ кІакхъу щыщІачыр милиционерхэм ящыщ гуэр япэ кьыщилъадэрщ, ауэ, зэзэмызэхэзэщ зырагъэпщам щытемыхуэр. Милиционерищ уІэгъэ хъуакІэт, ауэ милиционерхэр тегушхуэркъым Хьэжы-Мурат е абы и цІыхухэм зыкъэрадзыну, атІэ кІуэ пэтми нэхъ япІуоКІуэтхэр, зэзэмызэ фІэкІа къэмыуэу, абы щыгъуэми хуэгъэфэщауэ фочыпэр яшийуэ.

Апхуэдэу зауэр екІуэкІащ сыхьэтищкІэ. Дыгъэм фІыуэ зиІэтат, Хьэжы-Мурати егупсыс хъуат шым шэсу яІэщІэкІыу и лъэр мэзым нихусыну, арщхьэкІэ а дакъикъэм зэрыгъэкІиишхуэ къоІу. Мехтулин щыщ Гаджи-Ага и цІыкухэр щІыгъуу къэсауэ арат. Ахэр щитІ хъурт. Зэгуэр Гаджи-Ага Хьэжы-Мурат и ныбжьэгъуу, зэщІыгъуу къуршым щызэдэнсэууэ щытащ, ауэ иужькІэ ар урысхэм ягуэкащ. Абы щыгъут Ахъмэт-Хъан. Ар Хьэжы-Мурат и бийм и къуэщ. Гаджи-Ага, Каргановым ещхьу, япэщІыкІэ Хьэжы-Мурат къеджащ зитыну, ауэ япэм ещхьу абдежми фочаущ жэуап зэрыритар.

ЗэзыдзэкІар
МЭЗЫХЬЭ Борисщ.
(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Шхыныгъуэхэр

Лы зыдэлъ дэлэн

Пщагъэ зыхэлъ тхьэвыр ІыхьитІу ягуэш: зыр - г 500, адрейр - г 300 хъууэ. Ахэр хъурей ящІри, тэджын щхьэкІэ дакъикъи 6 - 8-кІэ щагъэт. ИтІанэ Іэнэм хьэжыгъэ траудэри, тхьэв нэхъ иныр хъурейуэ, мм 7 - 8 и Іуваґъыу, яку. Ар тебэ гъущэ къэплъам иралъхьэ. Абы и щІыІум лы хьэжа тралъхьэ, тхьэв кІапэр къыщІэщу. ЕтІуана тхьэвыр мм 3 - 4 и Іуваґъыу яхури, лы хьэжам и щІыІум тралъхьэ, и лъабжьэм щІэлъ тхьэвым и кІапэр къыдраІэтэйм, и щхьэм тельым и кІапэр ирашэхыырэ зэкІэрагъапщІэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра дэлэным и щхьэм тельым и кум гъуанэ хуащІ см 2 хъууэ. Дэлэнир захуэ ящІ, дакъикъи 10 - 12-кІэ щагъэт, хьэкулъэм ирагъэуэвэри, ягъажьэ хьэзыр хьуху, дакъикъэ 20 - 30 хуэдизкІэ. Яшх хуабэу, Іыхьэу зэпупщІауэ. Дэлэныр щабэ хъун щхьэкІэ и щІыІум тхъуцІынэ щахуэ.

Дэлэным дэлъ лыр зэрагъэхьэзырыр: лы цІынэр г 25 - 30 хъууэ зэпаупщІ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, лыхьэжьм щІагъэкІ, бжьыныщхьэ цІынэ щІыгъуу. Абы къэнтхъурей упщІэта, шыгъу, бурш хьэжа, шыбжий сыр хьэжа, джэдгьн, псы щІыІэ хакІэри, фІыуэ зэхагъэзэрыхь. ИтІанэ абы халъхьэ цІыкІунитІэу упщІэта щэ тхъурымбэ, аргуэру фІыуэ зэхагъэзэрыхьэж.

Халъхьэхэр:

Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - грамм 500, псыуэ - грамм 250-рэ, пщагъэу - грамм 15, джэдыкІэ цІынэу - 1, щыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Дэлэным дэлъынур:

лы цІынэу - грамм 500, щэ тхъурымбэу - грамми 150-рэ, бжьыныщхьэу - грамм 200, псы щІыІэу - грамм 250-рэ, щыгъуу, щыбжийуэ, бруш, джэдгьну - узыхуейм хуэдиз, дэлэн жьам щахуэ тхъуцІынэу - грамм 30.

Щынэ гъэжьэкІэ

Щынэ укІар Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, щыгъу тракІутэ, ар зыгъэткІун псы щІыІэ тІэкІу щІакІэри, шыуаныщхьэр тепІауэ, мафІэр щабэу блэуэ псыр щІэвэщІэху къагъаівэ. ИтІанэ езым къыщІидза дагъэмкІэ лыр ягъажьэ. Хьэзыр хъууэ щыхуежьэм, мыщІыкІу дыдэурэ упщІэта бжьыныщхьэр халъхьэ, щыбжий сыр плъэжь хадзэри, псори зэІащІэ, и лъабжьэм кІуа бжьыныр чымчыркІэ къыдрахьеижура, лымрэ бжьыныр хьэзыр хьуху ягъажьэ. Абы иужькІэ псы щІыІэ тІэкІу щІакІэри, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 2 - 3-кІэ ягъэбэкхъ. Щынэр мыпшэрмэ, псыр щІэвэщІа нэужь, тхъу щІадзэри, ягъажьэ.

ЦІыху къэс пІастэ хуэдэ тепщэч хутрагъэувэ, щынэл жьар и щхьэм тельу. Лэпс хуэдэу къыщІэнри пІастащхьэм тракІэ. Пщтыру яшх, шэ хуабэ трафыхьыж.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Дифі доґъэхъапІэ

Тут Заур пщІэ къыхуащІ

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубэ артист, ди хэкуэгъу уэрджэлІакІуэ цІэрыІуэ Тут Заур «Дагъыстэн Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр иджыблагъэ къыфІащащ.

Мэлыжьыхым и 21-м Дагъыстэным и Урыс театрым щекІуэкІащ артистым и концерт. КъыкІэлъыкІуэ махуэм Лак драмэ театрым абы дерс щитащ.

● ГъащІэм и дерс

Губзыгъэращ къуаншэр

ФІагъ мащІэ фІэкІа убгъэдэмыльмэ, ар зэгуэр къыпхуэсэбэпыжьынущ, ауэ Іей мащІэри аращ - дапщэщми, зэ утеунэхъуэнущ.

Ульэпэрэпэнэр лъакъуэ бжьыгъэм и зэранкъым, акъылыр кууунри щхьэ нэхъыбэ уфІэтыным епхакъым.

ЦІыхум ущымышынэу ущыукІытэнкір нэхъ тэмэмщ.

Сыт хуэдэ гъуэгу быркъуэшыркъуэ утетми, абы уэ зыдебгъэкІун хуейуэ аращ, армыхьумэ, езы гъуэгум зыкъыбдригъэкІункъым.

Гъэгуэр тІууэ зищхьэщокІ - фІыцІэрэ хужьрэ. НэхъыфІыр къыщыхэпхынум и деж нэхъыжьым уечэнджэщмэ нэхъыфІщ.

Хабзэншэ псори нэмысынішэщ.

Нык ъуасанытІэ гуэр зыбгъэдэмыльэ щыІэкъым, ауэ ахэр ящэни къашэни къанэркъым.

Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щІапІыкІа цІыхум мыльку шхуэ къызэренэкІ.

Зи эмэн зыщцэзыгъэлІым нэгуэщІым и деж зыщцеудыгъуэ.

ЦІыхуитІ зэфІэнамэ, къуаншэр нэхъ губзыгъэращ.

Шы узытесыр кІуэнуми жануми зэпытар уэращ.

Блэ ныкъуэукІыр и кІэмкІи къуэнущ, умыбэлэрыгъ.

Иджыпей зэманым уи жьыпм ипльи, итІанэ псалъэ.

ЦІыхухэм яхуэзфІокІ Іэщэ Іей дыдэхэр къагупсысну, ауэ а Іэщэм емыпхъуэу мамыру зэдзпсэуфыркъым.

Анэм и лъагъуныгъэр бын дапщэ иІэми зэхуэдэу яхуегуэшыф, фыгъуи ижи бгъэдэлъкъым, аращ ар апхуэдизу щІэбэшэчри.

ЦІыху къабзэм фІеягъ хужьпІэкІэ пхуэуцІэпІынукъым, ауэ уэ Іейуэ зыбгцІэпІыжьынущ.

КІУРАШЫН Алий.

Хьэтlохъущыкъуей къуажэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **7.** ... шыдрэ. **8.** Ирауд ... зигъэнщІыркъым. **10.** Адыгэ композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **11.** Ахъшэ: тхылъымпІэуи гъущІыкІэм къыхэщІыкІауи щыІэщ. **12.** Джэдкъаным этет цы щыбэ дыдэ. **14.** Хъуэхэзэм и щІэщащ. **16.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьесыпІэ. **22.** Зи нэхэм фІыуэ ямылъагъу. **24.** КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **25.** ЦІыху псынщІэ, акъыл зэтес зимыІэ. **29.** Гъавэ зэрагу унагъуэ Іэмэпсымэ. **30.** Адыгэ шыпсэхэм узыцрихьэлІэ псэушхьэ хьилэшы. **31.** Хадзэхэкі. **32.** Гъэшхэкі. **34.** МахуэцІэ. **36.** Къуаеэчыцэ. **37.** ЦІыху Іэсэ, зэпІэзэрыт. **41.** БгитІ зэхуаку. **42.** Жыг ... е джэдыкІэ ... **46.** Политикэм теухуауэ зы Іуэху епльыкІэ зиІэ гуп зыхэт зэгухьэныгъэ. **48.** Пасэрей фоч. **50.** ЩІалэр къэгубжьащи, Іэжьэкъур ... **51.** Темыркъан Юрэ, Къардэн Мурат, ІутІыж Борис сымэ я къуажэ. **52.** ... бесын.

Къехьу: **1.** Кавказ Ищхьэрэм хиубыдэ республикэхэм ящыщ зым и къалащхьэ. **2.** Шыдыгъуэхэм якІэлъыщІэпхъуа гуп. **3.** Мынэхъыжь, мынэхъыщІэ. **4.** Псы, гъэш зракІэ кумбыгъэшхуэ. **5.** БжэІулъэ. **6.** Макъ цІу цІыкІу зиІэ, пкІэуэ, лъэуэ къэзыкІуэхь псэущхьэ цІыкІу. **9.** ЩІы кьиуда. **13.** Хадзэхэкі. **15.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **17.** ... вы бжьакъуэм къокІ. **18.** Пасэрей адыгэ зауэлІым и джанэ, гъущІ хъарым къыхэщІыкІаІэ. **19.** Унагъуэр зыхуей хуэгъэзэнвр нэхъыбэу зи пщэрылъ цІыхубэ. **20.** Зиусхьэн лъэпкъ. **21.** Ди республикэм и гуэрыпкъэм къыІут къалэ. **23.** Ерысыкыр цІыхум щахуримыкъу зэман, гъэ Іей. **26.** Уэс зэратхъу. **27.** ... цІыкІу бжьаъэшхуэ. **28.** Пхъэ захуэ. **33.** ПсыпцІэ къуалэбзу пщэ кІыхь, лъакъуэ кІыхь. **35.** Езыр мылъэтэфми, Іэзэу бадзэ жьэрыпльэхэр къеубыдыф. **38.** Жэмтхьэлэ къуажаэм къыщалъхуа адыгэ генерал. **39.** Нартыху хъумапІэ. **40.** Къуэш ... нэхърэ, ныбжьэгъуфІ. **43.** Зи ныбэ изым ... цІынэу къыщохьу. **44.** Пасэрей Іэщэ зэрыпыдж. **45.** ... махуэ - диным зэрыжиІэмкІэ, дунейм ехыжам псапэрэ гуэныхьу илэжьар щызэхагъэкІ махуэ. **47.** ГушыІэр ... и щІасэщ. **48.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдизу цІыхур щыту малІэ. **49.** ПщІий къыхэпыкІа жыг. **50.** Адыгэ таурыхьэм узыщрихьэлІэ домбеижь.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэлыжьыхым и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Ухэныпэ. **6.** Мыщэхупщ. **9.** Бжэндэхъу. **11.** Дыгъу. **12.** Дэгу. **13.** Назир. **14.** ПІастэ. **15.** Хъуп. **18.** Еш. **19.** Къурш. **20.** Пэу. **22.** ГъукІэ. **23.** Къудамэ. **24.** Хьэкъурт. **25.** Кумб. **26.** Нал. **28.** Хъущт. **30.** Дэ. **31.** Шху. **33.** Гъуабжэ. **34.** Сэбэп. **36.** Ужьэ. **38.** Хъер. **39.** Щхьэлыкъуэ. **42.** ЩхьэлъащІэ. **43.** Тхъэрыкъуэ.

Къехьу: **1.** Бзэрэчтхъ. **2.** Гупыж. **3.** Ныджэ. **4.** Ахумыдэ. **5.** Уэрдыхъу. **7.** Щхьэгуэш. **8.** Унэ. **9.** Бэзэр. **10.** ХъуасКІэ. **16.** Псыдыуэ. **17.** ЖьакІэмыхъу. **18.** Елыркъэш. **19.** Къурмэн. **21.** УнэІут. **27.** Акъбащ. **29.** Щцблэ. **30.** Дэуейщ. **32.** Хуэрэджэ. **33.** Гъуэншэдж. **35.** ПхъэщІыч. **37.** Блэ. **40.** ХьэщІэ. **41.** Къущхьэ.

● ГушыІэхэр

Емысыфхэр-щэ?

Зы бейжь гуэрым и щІапІэм псыгъэн щригъэшІыри, ухуакІуэхэм захуигъазэри жиІащ:

- Й инагъкІэ зэхуэдизу псыгуэнищ дэфщІыхь пщІапІэм. Зым псы хуабэ ягъэхьэжьа, адрейм псы щІыІэ ивгъахьэу, ещанэр нэщІу щыгъэт.

- Псы хуабэрэ щІыІэрэ зэрытынухэр къыдгуроІуэ, ауэ зыри зэрымытымкІэ сыт пщІэнур? - жаІэри ухуакІуэхэр щІэупщІащ.

Бейжым:

- Си хьэщІэхэм псым емысыф къахэкІмэ-щэ?

СынэкІуэнукъым

ЩІалэ цІыкІур курыт еджапІэм къикІыжри, къыщІыхьэжауэ и адэ-анэм захуегъаз:

- Мамэ, папэ, пщэдей ди адэ-анэхэр тщІыгъуу дыкІуэн хуейуэ къыджаІащ, школыр зыхуей хуагъэзэжынущ, къывэчэнджэщыну.

- Сэ сынэкІуэнукъым, - жи адэм.

- Сыт щхьэкІэ? - къэуІэбжьащ щалэ цІыкІур.

- Абы нэхъыр нэхъыфІщ гъэмахуэм Мысырым дыкІуэрэ зэрынагъуэу зыдгъэпсэхумэ...

● Хъыбар кІэщІ

ФІыр къызэрыбгурыІуэщ

Мы хъыбарыр къыщыхъуар ижь зэманырщ. КхъуэщынышхуитІ кьищынэмыщІа, иІэшхуи щымыІэу, зы бзылъхугъэ и закъуэу псэут. Махуэ къэскІэ пхъэшъыф и кІапитІым кхъуэщынхэр фІэдзауэ щІыхубзыр псыхьэ кІуэрт. Ауэ Іуэхуракъэ, зы кхъуэщыныр гъуанэти, псыр къижыртт, адрейм изыбзэу псыр унэм кхихьэсрт. Псыежэхыр гъунэгъунэгъуэмыи, гъуанэ зиІэ кхъуэщыныр сыт щыгъуи ныкъуэу фІэкІа унэм къэсыртэкъым. ИлъэситІкІэ апхуэдэу екІуэкІащ, дагъуэншэ кхъуэщыныр и щхьэ хуэзэрэзыжу уардзу и щхьэр иІэтырт, мыдрей тхьэмышцІэр укІытэурэ и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт, кхъызыхуигъащІам и ныкъуэм фІэкІа зэрыхуэзфІэмыкІыр и гуныкъуэгъуэт.

Апхуэдэурэ зэманыр екІуэкІыурэ, и дагъуэр фІыуэ къызыгурыІуэж кхъуэщыным, и сэбэпыншагъэр хуэмыхьыжу, махуэ гуэрым бзылъхугъэм зыхуеГъаэз: «Си ныкъуэдыкъуагъым хуабжьу сытоукІытыхь, уэру кьибгъэхъуа псыр унэм укъэсыжыкуКІэ си ягъэкІэ йокІыкІыжри». Зи ныбжьыр хакІуэта бзылъхугъэр машІэу пыгуфІыкІри, жиІащ: «Уэ гу лъыптауэ кьщІэкІынкъым сыт щыгъуи уздэсхь лъэныкъуэмкІэ удз гъэгъа куэду къызэрыщыкІым. Уи ныкъуэсанигъэм сыщыгъуазэти, сэ а лъэныкъуэмкІэ удз гъагъэм и жылэхэр щыхэссащ. Уэ махуэ къэс а цІыкІухэм псы ящІыбокІэри, гъащІэ ибот. А зэманым кьриубыдэу сэ удз гъэгъахэр кьыпзупщІурэ си унэм щІэзгъэувэрти, си гукъыдэжьр къаІэтырт, дерэжьгъуэ къызатырт. Уэ а уэзрыщытым хуэдэу ущымытамэ, апхуэдизу дахагъэри щыІэнутэкъым, си гукъыдэжри нэхъ мащІэнут».

Псоми щхьэхуэныгъэ яІэжщ, ахэращ зыми емыщхь, щІэщыгъуэ дызыщІыжыр. Дэтхэнэми фІагъыу бгъэдэлъыр хуэдгъэдахэрэ ар зэрыдгъэбгъэунэм иужь диту дыкъызэдекІуэкІыпхъэщ.

Хьэсэн и сурэтхэр

ГУРТУЕВ Эльдар

Ятэ классым зэрыщІэс лъандэрэ Хьэсэн сурэт щІыным дихьэхыт. ЯтэщІыкІэ абы трактор зэмылІэужьыгуэхэр сурэту ищІу къыщІидзащ. ЦІыкІуу ухуей, ину ухуей, ауэ трактор дыдэм ещхьыркъабзэу.

ИужькІэ нэгуэщІхэри ищІу щІидзащ. Жыгхэр, бгыхэр, адакъэжьыр, жэмыр, тхьэкІуэмэкІыхьыр, дыгъужьыр, нэгуэщІ куэди. Уеблэмэ зэгурым и къуэш Алим и сурэти ищІащ. Пэжу, езы Алим игу ирихьатэкъым.

ИтІанэ Хьэсэн и ныбжьэгъу Асхьэт и сурэтыр ракетэм ису ищІащ.

- Сэщхьщ, - жиІащ Асхьэт, щхьэгъубжэм къищым щхьэрыгъэ тажьм и нэ лъэныкъуэмрэ и пэмрэ фІэкІа къыщІэмыщІам.

Асхьэт сурэтыр игу ирихьащ, Хьэсэни и ныбжьэгъур къыззрыщытхъуар гуапэ щыхъуащ.

КІэлъыкІуэу Мэхьмутра Тамарэрэ я сурэтхэрэм къыщригъэдзащ. Тамарэ и Іупэхэр зэтежу гуфІэу сурэтым кьищырт. Ауэ и щхьэц ухуэнар бжьакъуэ цІыкІухэм нэхъ ещхь хъуат. Тамарэ кьелъэІури, Хьэсэн сурэтыр тыгъэ хуищІыжащ. Хьыджэбз цІыкІум и лъэІур абы гуфІэжут зэрригъэзэщІар.

Гъатхэпэм и 8-р къэсыным махуищ фІэкІа къэмынэжауэ, Хьэсэн гукъэкІ ищІар езым игу ирихьыжащ. «Сеуэнщи, мамэ и сурэтыр ощІынщи, езым тыгъэу естыжынщ. ЗыкІэ и гуапэ хьунущи ар абы!»

Унэм къыззрысыжу, Хьэсэн и Іэр егупэу кьабзэу итхьэщІщ, шхэри, и Іэху ижьв ихьащ. Альбом щІэрыпсыр къыззгуихри, и анэм и сурэтыр ищІу щІидзащ. ЯпэщІыкІэ и нэ къуэлэнхэр, итІанэ и пэр, и Іупэхэр. И Іупэхэр къэрэндащ плъыжькІэ илащ. Мамэ и щхьэцыр папэ ейм хуэдэу фІыцІэкъым. Фом и плъыфэщ. Езым жиІащ. Апхуэдэ плъыфэр зэхэплъхьэну тынш-къым. Ауэ Хьэсэн егугъуат. Ар зэрищІри гъэпщкІуауэт.

Сурэтыр щиухам мамэ гуфІэу сурэтым кьитт. Ар сыт щыгъуи дахэщ, ауэ щыгуфІэм и деж нэхъ дахэж мэхъу. Хьэзыр ищІа сурэтым еплъыжри, нэхъ зэмышІу нэбжьыщ тІурытІ кхъуэту кьыщыхъури, ари ящищІыхьыжащ. И щІагъым кІэщІитхэжащ: «ФІыуэ сльагъу мамэ хуэсщІа тыгъэщ». Игу мызагъэу аргуэру питхэжащ: «Гъатхэпэм и 8-мкІэ сынохьэхъэху!».

Нэху кьэкІмэ махуэщхуэу, Хьэсэн нэхъ жьыуэ гъуэлъыжащ. Телевизор дыдэми пщыхьэщхьэм еплъу щысакъым. Ар нэхъыжьхэм гъэщІэгъуэн ящыхьащ:

- Сыту жьыуэ угъуэлъыжрэ? - щІэупщІащ гузавэу мамэ. - Умысымаджэу пІэрэ?

- Хь-хьэуэ. Пщэдджьыжь нэхъ жьыуэ сыкъэтэджьну сыхуейщи аращ. Іэху сиІащ.

- Арамэ, хъунщ, - жиІащ мамэ, ауэ игу мызагъэу и Іэр и къуэм и натІэм трилъхьащ, мыпщтыру пІэрэ, жыхуиІэу. ИтІанэ игу зэгъащу щІэкІыжащ.

«Сыкъымыщ Іамэ арат, - здыІурихым егупсысащ Хьэсэн. - Пэмыплъагъэхэу тыгъэ хуэсщІмэ...»

Ауэ пщэдджьжьым Хьэсэн хъыщыушам, мамэ щІэкІакІэт. Ар фермэм жэмыш дэкІат. «Махуэшхуэми зыгъэпсэхупІэ щхьэ имыІэрэ мамэ»? - балигъ хуэдэ Хьэсэн игукІэ щхьыдащ. Ауэ иужьым къыгурыІуэжащ жэмхэр махуэ къэс къэшын зэрыхуейр.

«Уеблэмэ ар нэхъыфІыхъэщ. Сурэтыр адрейхэми ялъагъуу фермэм деж щестмэ, зэфІэкІакъэ».

Фермэр жьыжьэтэкъым. Жэмышхэр зыщІэс унэм нэжэгужу цІыкІубзхэр щІэтт. СтІолыщхьэм удз гъэгъа тетт. Псори гуфІэрт. Хьэсэн къыщалъагъум нэхъ щэху хъуахэщ.

- А-а-а, мыр Назифэ и къуэ нэхъыжьырщ! - жиІащ жэмышхэм ящыщ зым. - КъакІуэ, Хьэсэн, къакІуэ, си псэ. Сытуи инышхуэ ухъуа! Нэгъэсауэ уІщ!

- Фи махуэшхуэмкІэ псоми сыныводхъуэхьу! - жиІащ Хьэсэн зэпІэзэрыту.

- Упсу! - къэгуфІащ хъыджэбзыр, пэшым щІэт адрейхэри нэжэгужэ къэхъуащ.

- Дэнэ щыІэ мамэ?

- Иджыпсту къэкІуэжьынущ уи анэр. Жэмхэр зикІ игу пыкІыкІыр. Ар жэмыш пашэщ. Зыри дылъэщІыхьэфырыкъым абы. Иджыри зы медаль къихьыну къышІэкІынщ.

- ВгъэукІытащ щІалэр. Зыгуэр евгъэшхи нэхъыфІщ абы нэхъра, - жиІащ жэмыш нэхъыжьхэм ящыщ зым.

Шэ хуабэмрэ бранычымрэ Хьэсэн игу ирихьауэ ишхыр Назифэ къыщыщІыхьэжам. И къуэр къыщилъагъум ар къэгуэващ:

- Сыт къэхъуар, щхьэ укъэкІуа?..

Хьэсэн и пІэкІэ хъыджэбз-жэмышым жэуап къытащ:

- Умыгузавэ. МахуэшхуэмкІэ къыдэхъуэхъуну къэкІуауэ аращ. Ар нэгъэсауэ ЛІыщ!

- Мыри сыт зэкІуэщІылъ? - щІэупщІащ мамэ.

- Мыри? Мыр ... саугъэтщ. Уэ къыпхуэсхьащ.

Сурэтыр къыщалъагъум, жэмышхэр зэщІэщымащ. Хъыджэбзхэм ящыщ зыр зэ сурэтым, зэ Хьэсэн и анэм еплъырт.

- Назифэ-э! УэщцыкІыркъэпсщ! Уи набдзэр нэхъ кІыхьщ, итІанэ уэ унэхъ нэкІущхьэплъщ, армыхьумэ, уэщхьщ...

Хьэсэн кІэщІитхам къыщеджам, анэм и нэпсхэр къекІуат. Пэжу ахэр гуфІэгъуэ нэпст. ЦІыхубзхэр аращ сытым щыгъуи. Ауэ ар гъакъым. И къуэр быдэу зрикъуэлІэри, щхэу цІыкІуу къыщІущащ:

- Упсэу!

ЗэзыдзэкІар
МЭЛЕЙ ФатІимэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жыласэ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр

ХьэфыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщэныджэ Замирэ, Хьэжыкъварэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныбжьэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ящэ жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныбжьр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хэнтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм №Н-0065-м щІэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльэ, редактор Жыласэ Заурбэч, корректорхэр Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Мырзэкан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №819